

This is a trial edition prior to its formal edition.

We will be very grateful if you would give us your evaluation on its translation level.

Please, send us your opinion to baptism@bnewlife.org

Kaslamentané Wong Dosa sing Dicethakaké ana ing Kémah Suci

< Pangentasan 27:9-21 >

“Gawéa plataran ing kiwa-tengené Kémah PalenggahanKu sing diwatesi nganggo gordhèn kain léna alus. Ing sisih Kidul gordhèn mau dawané 100 hasta, disangga cagak prunggu rong puluh nganggo umpak prunggu rong puluh; nganggo canthèlan lan blandar saka slaka. Gawénen kaya mengkono uga ing sisih Lor. Ing sisih Kulon gordhèné dawané 22 mèter, nganggo cagak rong puluh sarta umpak rong puluh. Ing sisih Wétan, sing ana lawangé, plataran mau ambané 22 mèter. Ing kiwa-tengené lawang kudu ana gordhèn sing dawané 6,6 mèter nganggo cagak telu lan umpak telu. Kanggo lawangé kudu ana gordhèn sing dawané sangang mèter saka kain léna alus sing ditenun nganggo benang biru, wungu lan abang, sarta direngga nganggo sulaman. Gordhèn mau kudu disangga déning cagak papat sandhuwuring umpak papat. Kabèh cagak sakiwa-tengené lawang mau digandhèng nganggo gandhèngan slaka; canthèlané kudu saka slaka lan umpaké saka prunggu. Pager sakubenging plataran mau dawané 100 hasta, ambané 22 mèter sarta dhuwuré 2,2 mèter. Gordhèné digawé saka kain léna alus sarta umpaké saka prunggu. Piranti sing dienggo ana ing Kémah, pathoké lan pageré kabèh digawé saka prunggu.” “Wong Israèl préntahana nggawa lenga zaitun sing becik dhéwé, kanggo

ngisèni damar-damar ing sajroning Kémah PalenggahanKu supaya disumed saben bengi. Harun lan anak-anaké kudu padha nyumed damar-damar mau. Panggonané pedamaran mau ana ing sanjabané gordhèn sing nutupi Pethi Prejanjian. Ing panggonanKu, lampuné kudu tetep murub wiwit surup nganti ésuk. Dhawuh iki kudu ditindakaké selawas-lawasé déning wong Israèl lan turun-turuné.”

Pager segi papat plataranéng bebener iku ukurané 100 hasta. Ana ing Alkitab, sak hasta iku ukran sing dawané sakwatara 45 cm ana ing ukuran jaman saiki. Kanthi mangkono, ukuran pageré plataran Kémah Suci sing 100 hasta iku tegesé sakwatara 45 meter, lan ambané 50 hasta sing tegesé sakwatara 22,5 meter. Dadi iki ukurané Kémah sing dadi papané Gusti Jahwéh manggon ana ing jamané Prajanjian Lawas.

Plataran Kémah Suci sisih njaba dikubengi Pager

Apa panjenengan wis naté mirsani modélé Kémah Suci ana ing gambar utawa lukisan? Umumé, bisa dikandhakaké menawa Kémah Suci dibagi dadi plataran lan Kémah Suci iku dhéwé, sing dadi Pedalemané Jahwéh. Ana ing Pedalemané Jahwéh iki, Kémah Suci, ana sakwijinéng babagan sing diarani Sasana Suci. Sasana Suci iki dikubengi nganggo gordén cacah papat; tenunan sing digawé saka kain léna alus sing ditenun nganggo benang biru, wungu lan abang; banjur sing digawé saka aka kulit wedhus gèmbèl lanang sing dipulas abang lan sijiné nganggo kulit alus kanggo tutupé njaba.

Ana ing sisih wétan plataran Kémah Suci ana gapurané,

sing digawé saka kain léna alus sing ditenun nganggo benang biru, wungu lan abang. Sakwisé mlebu ana ing gapura iki, kita bakal mirsani mezbah kurban bakaran lan bokor padasan. Sakwisé ngliwati bokor padasan, kita bakal mirsani Kémah Suci iku dhéwé. Kémah Suci dibagi ana ing rong babagan yaiku Sasana Suci lan Sasana Mahasuci, papané Tabut Prajanjiané Jahwéh. Pager plataran Kémah Suci digawé saka 60 saka sing digantungi kain lena putih. Kémah Suci dhéwé, digawé nganggo 48 papan lan 9 saka. Paling ora kita kudu nduwéni gegambaran sing umum ngenani bagian njabané Kémah Suci supaya kita bisa mangerténi apa sing dingendikakaké Jahwéh marang kita lumantar kabéh ukuran mau.

Jahwéh manggon ana ing Kémah Suci sing digawé nganggo 48 papan. Jahwéh nyethakaké rawuhé ana ing antarané bangsa Israél ana ing rupa tugu mega ing wanci awan lan tugu geni ana ing wanci bengi ana sakndhuwuré Kémah Suci. Lan ana sakjroné Kémah Suci, papan panggenané Jahwéh, kamulyané Jahwéh ngebaki papan iku. Ana ing Sasana Suci, ana papan roti unjukan, pedamaran lan mezbah padupan, lanana ing Sasana Mahasuci, ana Tabut Prajanjian lan tutupéng pendhahaméan. Iki papan sing winingit kanggo wong-wong biasa saka bangsa Israél; amung para imam lan Imam Agung kang bisa mlebu ana ing papan iku kaya déné aturanéng Kémah Suci. Ana sinerat, *“Iya mengkono kuwi enggoné barang-barang katata ana ing papan kang suci mau. Saben dina para imam padha mlebu ing kémah sing sisih ngarep, prelu nglakoni kuwajibané. Mung Imam Agung piyambak sing mlebet ing kémah sisih njero, kuwi waé mung setaun sepisan, sarta kudu karo nggawa getih kang kasaosaké marang Gusti Jahweh, merga saka dosané piyambak lan dosa-dosané umaté kang ora kajarang”* (Ibrani 9:6-7). Ing kéné dingendikakaké menawa ing

jaman saiki, amung wong sing duwé iman saka emas sing pracaya marang Injil banyu lan Roh sing bisa nglakoni panguripané bebarengan karo Jahwéh nalika pada ngladosi Panjenengané.

Apa tegesé roti sing didokokaké ana ing meja unjukan? Iku negesaké sabdané Jahwéh. Apa tegesé mezbah padupan? Iku nyethakaké ngenani donga kita. Ana ing Sasana Mahasuci, ana Pethiné Prajanjian, lan ana tutupéng pendhaméan, sing digawé saka emas murni lan, ana ing sakndhuwuré pethi mau. Kerubim sing menthangaké swiwiné ana ing sakndhuwuré, nutupi tutup pendhaméan nganggo swiwiné, lan padha ngadhep marang tutupéng pendhaméan iku. Yaiku tutupéng pendhaméan, papan sih kanugrahané Jahwéh diparingaké. Ana ing Pethiné Prajanjian, ana loh cacah loro sing ngemu Dasa Titah saka Jahwéh. Pethi mau banjur ditutup nganggo tutup saka emas (tutupéng pendhaméan), lan ana sakndhuwuré ana kerubim sing ngadhep marang tutupéng pendhaméan mau.

Ana ing Ngendi Wong-wong sing wis Nampa Pangapurangéng Dosa padha Nglakoni Uripé?

Papan dunungé wong-wong sing wis nampa pangapuranéng dosa iku ana ing Sasana Suci. Kémah Suci iku dibangun nganggo papan cacah 48, sing kabéh disaputemas. Bayangaken ngenani bab iku. Nalika panjenengan mirsani papan sing disaput emas sing dudu amung sethithik, nanging 48 papan, saiba sumunaré cahya kang dipantulaké. Amarga babagan saka Sasana Suci iku kabéh prabotané saka emas, kabéh mau padha sumunar kanthi padhang.

Mezbah korban obongan lan bokor padasan ana ing saknjabané Kémah Suci lan kabéh digawé saka perunggu, lan

pageréng plataran padha digawé nganggo saka-saka sing dibalut nganggo perak lan kain lena putih. Kosok baliné, kabéh prabotan sing ana ing Kémah Suci lan tembok cacah telu sing ngubengi papan iku digawé nganggo emas murni, lan merga iku tansah sumunar padhang nyebaraké cahya keemasan.

Anané babagan saka Kémah Suci iku dipadhangi nganggo cahya keemasan iku ateges menawa wong-wong mursid sing wis dislametaké padha nglakoni uripé sing pengaji banget ana ing grejané Jahwéh. Wong-wong mursid sing urip srana iman marang Injil banyu lan Roh iku kaya déné emas murni sing ana ing Sasana Suci. Panguripan sing diuripi wong-wong mursid sing kaya mangkono iku ana ing Sasana Suci sakwijinéng urip sing binerkahan kang manggona ana ing gréja, nedha saka sabdané Jahwéh, ndedonga lan muji Panjenengané, lan marak ana ing dhamparé Jahwéh sarta nganggo nugrahané saben dina, kabéh lumantar gréja. Panjenengan kudu yakin ana ing ati panjenengan menawa amung wong-wong mursid sing wis dislametaké lumantar banyu lan Roh waé kang bisa nglakoni uripéng iman sing pengaji iku ana ing Sasana Suci.

Jahweh Kanthi Cetha Misahaké Bagéyan Njero saka Bagéyan Njabané Sasana Suci

Kayadéné omah padha duwé pager, platarané Kémah Suci uga duwé pager sing digawé saka 60 saka lan dikubengi layar sing digawé saka kain lena putih. Ing sisih wétan plataran, ana sakwijinéng gapura sing digawé saka kain léna alus sing ditenun nganggo benang biru, wungu lan abang supaya padha diweruhi dénéng kabéh wong sing ana, sing ukuran ambané 9 meter.

Nalika nyinauni Kémah Suci, kita kudu mangerténi kanthi

cetha apa iman sing sumunar sing dikersakaké Jahwéh iku ana ing urip kita, iman sing kaya ngapa sing dadi imané wong-wong sing dislametaké, lan nganggo bahan apa waé sing dienggo mbangun Kémah Suci, kaya ngapa Gusti nylametaké kita. Kanggo mangerténi apa iman sing kaya emas lan sumunar ana ing bagéyan njeor Sasana Suci iku, kita kudu lewih dhisik nggatékake bokor padasan, mezbah kurban obongan, lan pager sing didokokaké ana ing sisih njaba plataran Kémah Suci, lan kabéh bahan sing dienggo nggawé kabéh mau. Kanthi mangkono, kita bisa mirsani kanthi iman jinis iman sing kaya ngapa sing ndadékaké kita bisa mlebu ana ing Sasana Suci sing sumunar lan keemasan iku.

Apa sing ana ing plataran Kémah Suci sisih njaba? Ing kana ana bokor padasan lan mezbah kurban obongan. Lan plataran iku dikubengi dénéng 60 saka kayu, lan ana ing saka iku digantungi kain lena putih minangka pagering plataran mau. Saka cagak iku digawé saka kayu penaga, sing dudu amung kuat, nanging uga énthéng. Cagak-cagak saka kayu iku dhuwuré sakwetara 2,25 meter, saéngga ora bakala ana wong normal sing bisa ndeleng menyang sisih njeroné Kémah Suci saka plataran njaba. Menawa ana wong sing nganggo bancikkan, mbok menawa bisa ndeleng ana ing bagéyan njero plataran, nanging mokal menawa ora nganggo. Iki nyethakaké menawa kanthi nganggo upayanéng manungsa waé, kita ora bakal bisa mlebu ana ing Kratoné Jahwéh.

Ana ing sisih ngisoré cagak-cagak kayu plataran njaba, digawé umpak saka perunggu, lan ana ing watesé cagak iku digawé canthélan saka pérak. Amarga cagak-cagak iku ora ngadeg dhéwé-dhéwé, nanging ana canthélan-canthélan pérak sing nyambungaké cagak siji karo sijiné. Lan kanggo nyangga supaya cagak-cagak iku padha kuwat kanthi cara silang, banjur ana canthélan-canthélan pérak sing didokokaké ana ing

kolonganéng perak saka cagak kayu iku sing disambungaké marang cagak-cagak pérak nganggo tali (Pangentasan 35:18).

Apa Bahan-Bahan Sing Dienggo Kanggo Lawang Gapura plataran Kémah Suci?

Bahan-bahan sing dienggo kanggo lawang gapura plataran Kémah Suci iku kain léna alus sing ditenun nganggo benang biru, wungu lan abang. Dhuwuré gapura iku 2,25 meter, lan ambané 9 meter. Gapura iku digawé saka layar sing saka kain léna alus sing ditenun nganggo benang biru, wungu lan abang, sing digantungaké marang cagak cacah papat. Kanthi mangkono, sapa waé sing mlebu ana ing plataran Kémah Suci, bakal kanthi gampang nemokaké gapura iki.

Bahan-bahan sing digawé saka kain léna alus sing ditenun nganggo benang biru, wungu lan abang sing kanggo lawang gapura Kémah Suci ngibarataké menawa Jahwéh wis nylametaké kita saka dosa kita kanthi papat karyané sang putra Jahshua. Kabéh 60 kolongan kayu lan kain lena alus sing dienggo kanggo lawang gapurané Kémah Suci iku ngibarataké kanthi cetha ngenani carané Jahwéh nylametaké panjenengan lan aku saka dosa-dosa kita lumantar sang putra Jahshua.

Lumantar gapurané plataran Kémah Suci, nganggo tembung liya, Jahwéh wis nyethakaké wadinéng kaslametan kita kanthi cetha. Mangga kita sepisan manéh nggatékaké bahan-bahan sing dienggo kanggo gapura plataran Kémah Suci: saka kain léna alus sing ditenun nganggo benang biru, wungu lan abang. Tenunan cacah papat iku wigati banget kanggo kita supaya nampani kaslametan kita kanthi percaya marang Jahshua. Menawa bahan-bahan iku ora wigati, Kitab Suci orabakal nyathet kanthi trewaca kaya mangkono.

Kabéh bahan sing dienggo gapura plataran Kémah Suci wigati banget ana ing ngarsané Jahwéh kanggo nylametaké wong dosa, amarga tenunan cacah papat ,au dadi kasunyatané kaslametan sampurna sing saka Jahwéh. Iki sing ditemtokaké Jahwéh. Iki sebabé Jahwéh nuduhaké gambaran saka Kémah Suci marang Musa ana ing ardi Sinai lan ngendika marang dhéwéké supaya gawé gapura plataran Kémah Suci kaya mangkono.

Apa Tegesé Kain Léna Alus Sing Ditenun Nganggo Benang Biru, Wungu Lan Abang?

Gapura Sasana Suci digawé saka gordhén saka kain léna alus sing ditenum nganggo benang biru, wungu lan abang, lan gordhén antarané Sasana Suci karo Sasana Mahasuci uga digawé saka papat bahan mau. Dudu amung iku, sandhangan épod lan tutup dhadhané Imam Agung uga digawé saka kain léna alus sing ditenum nganggo benang biru, wungu lan abang. Banjur, apa tegesé kain léna alus sing ditenum nganggo benang biru, wungu lan abang kanggo kita? Apa sejatiné, teges saka kain léna alus sing ditenum nganggo benang biru, wungu lan abang iku kanggo kita? Kita kudu temen nguji bab iki kanthi saksama.

Sing kawitan, kain biru iku ngibarataké baptisané Jahshua Kristus. Wong-wong sing ora mangerténi ngenani wigatiné baptisan ora padha ngerti menawa kain biru iku ngibarataké baptisané Jahshua Kristus. Dadi wong-wong sing durung dilairaké manéh biasané padha kandha menawa tegesé kain biru iku yaiku, “Jahshua Kristus iku Jahwéh piyambak, lan Panjenengané rawuh ana ing dunya kanthi rupa manungsa.” Sing liyané, kosok baliné, padha kandha, “Kain ungu iku

tegesé Sabda.” Nanging Kitab Suci kanthi cetha ngendika menawa “Baptisané Jahshua sing srana iku Jahshua nyangga sakabéhéng dosa dunia marang Panjenengané sakwisé rawuh ana ing dunya iki.” Kitab Suci ngendika kanthi trewaca menawa kain biru iki nyethakaké ngenani baptisan sing ditampa Jahshua saka Yohanes Pembaptis. Nalika maca Sabda ngenani Kémah Suci, aku banjur ngerti, “Aha, Jahwéh kersa nuduhaké marang kita ngenani wigatiné iman marang baptisané Jahshua.”

Jubah sing dienggo Imam Agung nalika nyaosaké kurban uga digawé saka kain biru. Rerenggan saka emas sing ana ing serbané sing dienggo Imam Agung ana ing mustakané, lan tali sing naléni uga digawé saka kain biru uga. Lan ana ing rerenggan iku, ana tembung, “*Kudus kagem GUSTI*” sinerat ana ing kana. Kita bisa mangerténi menawa tali biru sing naléni rerenggan ana ing serbané Imam Agung iku kanthi cetha nuduhake ngenani baptisané Jahshua sing nyaosaké kekudusan kagem Gusti.

Mangkono, lumantar tali biru sing naléni rerenggan emas iku ana ing sorban, Jahwéh mulangaké marang kita ngenani kaslametan sing sejati. Nganggo tembung liya, kunci sing maringaké kekudusan marang kita iku wernané biru, lan iku nuduhaké marang baptisané Jahshua. Senadyan werna biru iku ngélingaké marang biruné langit, nanging ora tansah nyethakaké ngenani Jahwéh. Ana ing kain biru lan wungu, kain abang lan saka kain léna alus, kain biru bisa dipesthékaké nuduhaké ngenani baptisané Jahshua. Utawa nganggo tembung liya, kain biru ana ing kéné ateges menawa Jahshua Kristus wis nyangga sakabéhéng dosa manungsa sing ana ing dunya iki lumantar baptisan (Matius 3:15). Menawa Jahshua ora nyangga sakabéhéng dosa manungsa lumantar baptisan, kita wong-wong sing pracaya ora bakal bisa padha nyaosaké “kekudusan kagem

GUSTI.” Menawa ora amarga saka baptisan sing ditampa Jahshua, kita ora bakal bisa ngagem kekudusan ing ngarsané Jahwéh.

Apa panjenengan mangerténi teges rohani saka dhawuhé Jahwéh supaya nenun gapura plataran Kémah Suci nganggo kain biru kaya déné aturan sing dicethakaké marang Musa? Gapura plataran Kémah Suci sing dadi papan palenggahané Jahwéh iku nuduhaké ngenani Jahshua Kristus. Ora ana sapa waé sing bisa mlebu ana ing Kratonéng Swarga, kejaba lumantar Jahshua Kristus. Gapura plataran Kémah Suci, sing nuduhaké ngenani Jahshua, sing digawé saka kain léna alus sing ditenun nganggo benang biru, wungu lan abang, iku cetha banget amarga Jahwéh kersa nyethakaké bebener sing bakal nggawa kita menyang kaslametan kita. Kain wungu nyethakaké ngenani Roh Suci, sing ngendika marang kita menawa “Jahshua iku Ratonéng para ratu.” Kain abang nuduhaké ngenani rah sing diwutahaké Jahshua ana ing Kayu Salib. Kain biru, kaya déné sing wis dak kandhakaké, nyethakaké ngenani baptisan sing ditampa Jahshua saka Yohanes Pembaptis.

Dadi kain biru lan kain wungu, lan kain abang iku nyethakaké ngenani baptisané Jahshua, inkarnasiné Jahwéh, lan sédané Panjenengané ana ing Kayu Salib. Karya Jahshua iku dicethakaké ana ing kabéh kain sing maringaké iman sing ndadékaké kita bisa sowan ana ing ngarsané Jahwéh ana ing kekudusan. Menawa Jahshua, Jahwéh piyambak, rawuh ana ing dunya iki arupa manungsa, nampani sakabéhéng reringkihéng manungsa dosa menyang dhiriné lumantar baptisan, lan nyangga sakabéhéng laknat sakabéhéng dosa sarta paukuman kanthi mutahaké rahé—iki wadi rohani sing ana ing kain léna alus sing ditenun nganggo benang biru, wungu lan abang.

Mbok menawa nganti saiki panjenengan ngiramenawa

kain biru iku amung nyethakaké ngenani Jahwéh utawa sabdané Panjenengané. Nanging saiki panjenengan kudu mangerténi kanthi cetha menawa kain biru iku nuduhaké ngenani baptisané Jahshua Kristus. Baptisan sing dadi lantaran Jahshua nyangga sakabéhéng dosa kita marang dhiriné iku sakwijinéng bebener sing wigati banget lan ora bisa dipisahaké saka karya-karyané Panjenengané, kanthi mangkono, saka Kémah Suci ana ing Prajanjian Lawas, Jahwéh lagi ngendikakaké marang kita babagan wigatiné bab iku.

Baptisan Iku Carané Jahshua Nyangga sakabéhéng dosa kita.

Cagak-cagakéng pager Kémah Suci iku digawé saka kayu penaga. Umpak-umpak perunggu didokokaké ana sakngisoré cagak iku, lan canthelan saka perak di gawé ana ing sakndhuwuré. Iki nyethakaké menawa wong-wong dosa kudu lewih dhisik dihakimi tumrap dosa-dosané. Amung wong-wong sing tau dihakimi tumrap dosa-dosané sing bisa dislametaké. Wong-wong sing durung dihakimi lan merga iku durung bisa dislametaké ora bisa ngéndhani saka laknat langgeng tumrap dosa-dosané nalika padha marak ana ing ngarsané Jahwéh.

Kaya déné sinerat, “*Sebab opahé dosa kuwi pati,*” (Rum 6:23) wong-wong dosa pesthi bakal nanggung paukumané Jahwéh sing nggegirisi tumrap dosa-dosané. Wong-wong dosa merga iku kudu dihakimi dénéng Jahwéh sepisan tumrap dosa-dosané, lan banjur urip manéh nganggo sih nugrahané. Iki sing diarani dilairaké manéh. Iman kain biru, menawa Jahshua nyangga sakabéhéng dosa marang dhiriné lumantar baptisané, lan iman kain abang, menawa Jahshua ngluwaré sakabéhéng

dosa kanthi nyangga paukuman Kayu Salib—amung iman iki sing ndadékaké kita mati tumrap dosa lan dilairaké manéh. Panjenengan kudu mangerténi menawa paukuman langgeng sing bakal tumiba marang wong-wong sing, amarga ora pracayané, ora bisa lulus ana ing penghakiman imané.

Baptisan Jahshua iku cara sing dienggo Kristus kanggo nylametaké kita saka sakabéhéng dosa kita. Jahshua dibaptiaké dénéng Yohanes Pembaptis kanggo nyangga sakabéhéng dosa marang dhiriné Panjenengané. Jahshua iku Jahwéh piyambak, lan kanggo nylametaké kita, Panjenengané rawuh ana ing dunya iki arupa manungsa, nampa sakabéhéng kakurangané wong dosa marang dhiriné kanthi dibaptiaké dénéng Yohanes Pembaptis, sing dadi wakilé manungsa, lan diukum kanggo wong-wong dosa kanthi masrahaké badané Panjenengané ana ing Kayu Salib lan muntahaké banyu lan rahé Panjenengané. Gapura plataran Kémah Suci nyethakaké marang kita kanthi trewaca lan cetha ngenani karya sing ditetepi dénéng Jahshua minangka Juruslamet kita. Lumantar gapura plataran Kémah Suci, Jahwéh kanthi trewaca ngendika menawa Jahshua wis dadi Juruslamet kita wong-wong dosa.

Kain lena sing ditunen alus nyethakaké ngenani Sabda ana ing Prajanjian Lawas lan Prajanjian Anyar, sing trewaca banget, lan padha gegathukan. Saiba rapiné kabéh tenunan iku nyawiji supaya bisa dadi kain lena sing alus? Lumantar kain lena sing ditunen alus, Jahwéh nuduhaké marang kita kanthi trewaca ngenani carané Panjenengané nylametaké kita.

Nalika kita mirsani karpét, kita bisa mirsani menawa karpét iku ditunen nganggo sakwetara benang. Mangkono uga, Jahwéh ngendika marang bangsa Israél supaya padha nggawé gapura plataran Kémah Suci kanthi nenun kain léna alus sing ditunen nganggo benang biru, wungu lan abang. Iki nuduhaké menawa Jahshua sing rawuh marang kita srana banyu

(baptisan), rah (Kayu Salib) lan Roh Suci (Jahshua iku Jahwéh), sing siningid ana ing sabdané Jahwéh sing trewaca, iku pancén dalanéng kaslametan kanggo kita. Kanthi nduwéni iman sing bener marang Jahshua Kristus sing dicethakaké ana ing sabdané Jahwéh sing trewaca iku sarta nganggo sih katresnané, kita wis dislametaké kanthi sampurna lumantar iman.

Jahshua Kristus ora nylametaké kita kanthi sembarangan waé. Kita bisa mirsani bab iki nalika kita mirsani Kémah Suci. Jahshua wis nylametaké wong dosa nganggo rancangan sing teliti banget. Kita bisa nggagas saiba terperiniciné kaslametan sing diparingaké marang kita mung srana nyawang marang cagak-cagak ana ing pager iku. Apa sebabé, ing antarané kabéh angka, dipilih angka kanggo cagak iku 60? Amarga pancén angka 6 nuduhaké ngenani manungsa, nalika angka 3 iku nyethakaké ngenani Jahwéh. Ana ing Wahyu 13, ana tandha 666, lan Jahwéh ngendika menawa angka iki minangka angkanéng kéwan iku, lan menawa wong-wong sing duwé pangertén sing bisa nggagas angka iku. Amarga iku, angka 666 ateges manungsa kepéngin tumindak dadi Jahwéh. Apa sing dipéngini manungsa? Manungsa rak kepéngin dadi titah kang sampurna? Menawa kita kepéngin dadi titah kang ilahi, kita kudu dilairaké manéh lumantar pracaya marang Jahshua lan dadi putra-putrané Jahwéh. 60 cagak ing kéné nuduhaké ngenani bab iku kanthi cetha.

Nanging, ora duwéni iman, manungsa malah padha milih nindakaké tumindak kang gumunggung, sing jahat kanthi ngupaya padhé mélu nampa hakékat ilahi kanthi upayané dhéwé. Ora ana alesan kejaba alesan iki sing ndadékaké manungsa nafsiraké kabéh sabda miturut karepé manungsa adhedhasar salah kapracayané marang panemu-panemunéng manungsa, amarga wong-wong iku padha ora duwé iman lan amung duwé karep pribadhi kanggo nglawan Jahwéh. Amarga

karepéng daging manungsa sing ngupaya dadi sampurna saka dhiriné dhéwé lan nggapé kasampurnan saka kedagingané dhéwé, lan wekasané bakal pinisah saka sabdané Jahwéh.

Sabda Kaslametan sing Dicethakaké ana Ing Sakabéhéng Prabotan Kémah Suci

Supaya Jahshua Kristus nylametaké wong-wong dosa lan nglebokaké kabéh mau ana ing Sasana Suci, kabeh prabotan sing ana ing Kémah Suci dadi wigati banget. Mezbah kanggo kurban obongan wigati banget, bokor padasan wigati, lan cagak-cagake, umpak-umpak perak, canthélan-canthélan lan kolongan perak kabéh wigati banget. Kabéh iku dadi prabotan sing ditemokaké ana ing saknjabané Kémah Suci, lan kabéh bahané wigati banget kanggo ndadékkake wong-wong dosa dadi wong-wong mursid.

Kabeh bab iku wigati banget kanggo ndadékkaké wong-wong dosa mlebu lan urip ana ing Kratonéng Swarga, nanging bab sing paling wigati yaiku kain biru (baptisané Jahshua). Kain léna alus sing ditenun nganggo benang biru, wungu lan abang dienggo dadi bahan gawé lawang gapura plataran Kémah Suci. Kain-kain iku nuduhaké marang telung karyané sang Jahshua sing kita perlokaké nalika kita pracaya marang Jahwéh. Sing kawitan, Jahshua rawuh ana ing dunya iki lan nyangga sakabéhéng dosa kita marang dhiriné lumantar baptisané; kaping loro, Jahshua iku Jahwéh (Roh); lan kaping telu, Jahshua séda ana ing Kayu Salib kanggo nyangga paukuman tumrap dosa-dosa sing disanggakaké marang dhiriné Panjenengané lumantar Yohanes ana ing Kali Yardén. Iki urutan sing tepat saka iman sing bener lan sing diperlokaké kanggo kaslametan lan dadi wong-wong mursid.

Nalika kita maca Kitab Suci, kita bisa mirsani kaya ngapa trewacané katrangan saka Gusti kita. Kita bisa nemokaké kanthi cetha menawa Panjenengané sing wis nylametaké kita kanthi trewaca, lembar mbaka lembar kaya déné tenunan kain lena putih, sing ora liya nyethakaké ngenani Jahwéh piyambak. Lewih manéh, Jahwéh nitahaké marang bangsa Israél supaya mbangun lawang gapura plataran Kémah Suci kanthi kain léna alus sing ditunen nganggo benang biru, wungu lan abang sing dawané 9 m. Kanthi mangkono, Jahwéh mesthékaké menaa wong sing nyawang Kémah Suci, senadyan saka kadohan, bisa mbédakaké sing endi gapura plataran Kémah Suci iku.

Gordhén-gordhén kain lena putih sing gumantung ana ing cagak-cagakéng plataran Kémah Suci nuduhaké ngenani kasucéné Jahwéh. Kanthi iku, kita bisa mirsani menawa wong dosa ora bakal wani mlebu ana ing Kémah Suci, lan menawa wong-wong bisa mlebu ana ing plataran mau amung menawa dhéwéké wis dislametaké lumantar peladosan sing dicethakaké Jahshua ana ing kain léna alus sing ditunen nganggo benang biru, wungu lan abang sing didadékkake lawang gapura plataran Kémah Suci. Kanthi cara iki, Jahwéh wis ndadékkaké wong-wong dosa padha mangerténi menawa Jahshua Kristus wis ngilangaké sakabéhéng dosané lan nylametaké wong-wong iku lumantar banyu, rah lan Roh Suci.

Dudu amung iku, nanging kabeh bahan sing dienggo ana ing Kémah Suci, kalebu lawang gapura plataran, uga nuduhaké marang kita Sabda sing trewaca sing ndadékkake wong-wong dosa dadi wong-wong mursid. Amarga Jahwéh nitahaké marang bangsa Israél supaya nggawé lawang gapura plataran Kémah Suci iku cukup gedhéné supaya bisa diweruhi dénéng kabéh wong, lan amarga gapura iku digawé kanthi teliti banget kanthi nganggo kain léna alus sing ditunen nganggo benang biru, wungu lan abang, Jahwéh ndadékkake kabéh manungsa

supaya padha mangerténi kanthi cetha wigatiné Sabda sing bisa ngowahaké wong-wong dosa dadi wong-wong mursid.

Lawang gapura plataran Kémah Suci mulangaké marang kita menawa Jahwéh wis kanthi ampurna nylametaké kita, sing kaya kayu penaga, saka dosa-dosa kita lumantar kain biru (baptisané Jahshua), lan kain ungu (Jahshua iku Jahwéh). Jahwéh wis nemtokaké menawa amung wong-wong sing temen pracaya marang bab iku sing bisa mlebu ana ing Sasana Suci, Pedalemané Jahwéh.

Jahshua Kristus Ngendika Marang Kita

Jahweh ngendika menawa kanggo nglakoni uripéng iman sing kaya emas, kang sumunar, kita kudu dibasuh saka sakabéhéng dosa kita lumantar baptisané Jahshua lan banjur marak marang Gusti. Iki sebabé Jahwéh piyambak sing nuduhaké gambaranéng Kémah Suci lumantar Musa, mbengun lumantar Musa, lan ndadékkake bangsa Israél nampa pangapuranéng dosa lumantar Kémah Suci iki. Mangga kita nggatékake manéh iman sing nggawa kita marang plataran Kémah Suci lan marang Sasana Suci. Lumantar plataran Kémah Suci, Jahwéh ngendika marang kita ngenani iman kita marang bebener menawa Jahshua wis nylametaké kita lumantar banyu, rah lan Roh Suci. Iman sing ana ing lawang gapura plataran, sing digawé saka kain léna alus sing ditenun nganggo benang biru, wungu lan abang, ana ing panumpangan tangan saka Imam Agung ana ing sakndhuwuré endhasé wedhus kurban, lan iman sing kanthi iku Imam Agung mbasuh tangan lan samparané ana ing bokor padasan—kabeh iku ndadékkake kita mangerténi menawa amung iman kita marang Injil banyu lan Roh sing minangka iman sing murni sing ndadékkaké kita

bisa mlebu ana ing Sasana Suci lan urip ana ing kamulyan.

Lumantar Kémah Suci, Jahwéh wis ngeparengake kita kabéh kanggo nampa nugraha kaslametan lan berkah-berkahé Panjenengané. Lumantar Kémah Suci, kita bisa mangerténi berkah-berkah sing wis diparingaké Jahwéh marang kita. Kita bisa mangerténi lan pracaya marang nugraha kaslametan sing wis ndadékake kita bisa marak anaing dhampar nugrahané Jahwéh lan dislametaké sepisan kanggo selawasé. Apa panjenengan bisa mangerténi bab iku? Lumantar Kémah Suci, kita bisa mirsani saiba trewacané Gusti wis nylametaké panjenengan lan aku, saiba trewacané Panjenengané ngrancang kaslametan kita, lan saiba pinesthiné Panjenengané netepi kabéh rancangan iki lan ndadékaké kita sing sejatiné wong-wong dosa iku dadi wong-wong mursid.

Apa panjenengan, amarga apa waé, wis pracaya marang Jahshua kanthi cara sing ora cetha nganti jaman saiki? Apa panjenengan amung pracaya menawa werna biru iku tegesé langit? Apa panjenengan amung duwé iman marang werna abang lan wungu, yaiku menawa Jahshua Kristus, Ratunéng para ratu, rawuh ana ing dunya iki kanggo nylametaké kita ing Kayu Salib, lan apa panjenengan pracaya kanthi cara sing kaya iku? Menawa mangkono, saiki wis dadi wektuné panjenengan mangerténi kanthi cetha ngenani baptisané Jahshua, lan banjur nggagas lan pracaya marang nugraha kaslametan saka Jahwéh sing ora winates sing diparingaké marang panjenengan.

Jahweh ora amung nylametaké kita lumantar rah lan Roh Suci. Apa sebabé? Amarga Jahwéh kanthi cetha ngendika marang kita ngenani werna biru, wungu, lan abang, lan lumantar telung perkara mau Panjenengané ngendika marang kita kanthi cetha ngenani carané Jahwéh nylametaké kita. Lumantar Kémah Suci, Jahwéh kita nyethakaké karyané Jahshua kanthi trewaca. Sakwisé nitahaké marang Musa supaya

mbangun Kémah Suci, lumantar Kémah Suci iku Jahwéh prasetya menawa Panjenengané bakal nylametaké kita kanthi cara iku. Kaya sing diprasyakaké, Jahshua Kristus rawuh arupa manungsa lan nyangga sakabéhéng dosa kita marang dhiriné kanthi dibaptisaké ana ing banyu (werna biru) Kali Yardén. Lumantar baptisané, Jahshua wis nylametaké wong dosa saka sakabéhéng dosané. Saiba treawaca, saibe bener lan sampurnané, lan saiba pinesthiné kaslametan kita!

Nalika kita mlebu ana ing Sasana Suci, kita bisa mirsani pedamaran, meja roti unjukan, lan mezbah padupan. Sakdurungé mlebu ana ing Sasana Mahasuci, kita kudu lewih dhisik kanggo sakwetara wektu ana ing Sasana Suci iki sing nyinaraké cahya keemasan, lan nampa tetedhan saka Sabda kanggo ngisi ati kita. Saiba gedhéné berkah iki? Sakdurungé lumebu ana ing Kratonéng Jahwéh, kita urip ana ing gréjané Panjenengané minangka wong-wong sing wis dislametaké kanthi sampurna lumantar banyu lan Roh. Gréja Jahwéh sing maringi tetedhan marang urip kita iku Sasana Suci.

Ana ing Sasana Suci—yaiku, Gréja Jahwéh—ing kana uga ana pedamaran, meja roti unjukan, lan mezbah padupan. Pedamaran, nganggo dhasaré, adeg-adegé, mangkok-mangkoké, rerenggané, lan kembangané, kabéh digawé kanthi pepak dadi siji sing ditempa saka emas murni sak talénta. Dhasaréng pedamaran sing digawé kanthi nempa sak talénta emas murni iku nuduhaké menawa wong-wong mursid kudu manunggal ana ing Gréja Jahwéh.

Ana ing meja roti unjukan, roti-roti sing tanpa ragi didokokaké, mratandhani roti sabdané Jahwéh iku uwal saka kabéh piala lan piwulang palsuné dunya. Sasana Suci kagungané Jahwéh—yaiku, Gréja Jahwéh—martakaké sabdané Jahwéh sing murni lan tanpa ragi iku, lan urip ana ing iman sing murni tanpa nindakaké piala ing ngarsané Jahwéh.

Ing sakngarepé gordhéné pracaya marang, mezbah padipan dipapanaké. Mezbah padupan iku donga-donga sing diunjukaké marang Jahwéh. Lumantar prabotan-prabotan ana ing Sasana Suci, Jahwéh ngendika marang kita menawa nalika kita marak ana ing ngarsané Panjenengané, kita kudu manunggil, lan duwé iman marang sabdané Jahwéh kang murni, lan kanthi donga. Amung wong-wong mursid sing bisa ndedonga, amarga Jahwéh amung mirengaké donga-dongané wong-wong mursid (Yesaya 59:1-2, Yakobus 5:16). Lanamung wong sing ndedonga ing ngarsané Jahwéh sing bisa pinanggih Panjenengané.

Mangkono uga, Sasana Suci nyethakaké marang kita saiba mulyané kanggo kita padha dislametaké ana ing Gréja Jahwéh. Bahan sing dadi kunci sing dienggo ana ing Sasana Suci—kain biru (Jahshua kabaptisaké), kain abang (sakwisé nyangga sakabéhéng dosa ana ing dhiriné lumantar baptisané, Jahshua séda ana ing Kayu Salib lan nyangga sakabéhéng paukuman kanggo dosa-dosa kita), lan kain wungu (Jahshua iku Jahwéh)—nyethakaké marang iman sing temen kudu kita duwéni. Telung perkara iku nyethakaké marang gumolongéng iman kita. Nalika kita pracaya menawa Jahshua iku Putra Jahwéh lan hakékaté Panjenengané iku Jahwéh piyambak, lan menawa Panjenengané wis nylametaké kita, kita banjur bisa mlebu ana ing Sasana Suci sing nyunaraké cahya keemasan, palenggahané Jahwéh. Menawa kita ora pracaya marang karyané Jahshua sing dicethakaké ana ing telung kain iku, kita banjur ora bakal bisa mlebu ana ing Sasana Suci, senadyan kaya ngapa tekuné dhéwéké pracaya marang Jahshua. Dudu kabéh wong sing ngaku Kristen sing bisa mlebu ana ing Sasana Mahasuci.

Wong-wong sing Amung Tetep ana ing plataran Kémah Suci Kanthi Iman Sing Kléru

Ing jaman saiki, akéh wong Kristen sing ora bisa mlebu ana ing Sasana Suci senadyan padha yakin marang imané. And, nganggo tembung liya, akéh wong sing nyoba dislametaké nganggo imané sing wuta. Ora liya kejaba wong-wong sing ngira menawa dhéwéké bisa dilametaké amung amarga percaya marang rahé Jahshua Kristus wae, menawa Panjenengané iku Ratunéng para ratu, yaiku wong-wong sing kaya mangkono iku. Wong-wong iku pada percaya marang Jahshua nanging nggampangaké imané. Percaya amung marang rahé Jahshua, wong-wong iku padha ngadeg sakcedhaké mezbah kurban obongan lan ndedonga kanthi wuta, “Gusti, kawula taksih tiyang dosa ngantos sakpunika. Apuntenana kawula, Gusti. Kawula misungsungaken syukur kawula dhumateng Paduka, Gusti, amarga sampun sinalib lan séda nggantosaken kawula. Dhuh, Gusti, kawula tresna Paduka!”

Sakwisé kaya mangkono saben ésuks, wong-wong iku mbalik menyang uripé, lan banjur mbalik manéh menyang mezbah kurban obongan nalika soré lan ngunjukaké donga sing padha. Wong-wong iku padha nekani mezbah kurban obongan saben ésuks, soré lan nganti wulanan tetep ora bisa dilairaké manéh, nanging bakal tumiba manéh marang kléruné panemuné dhéwé.

Wong-wong iku padha ndokokake pisungsung ana ing mezbah kurban obongan sing mulad karo geni sarta misungsungaké kurbané nganggo geni. Amarga dagingé banjur kobong ana ing muladé geni iku, ambuné daging banjur sumebar, lan kukus sing warnané ireng lan putih banjur kemelun munggah. Mezbah kurban obongan dudu papan panggonan kita nyeri marang Jahwéh supaya dosa-dosa kita

diapurani, nanging papan sing ngéngetaké kita marang muladéng geni sing nggegirisi.

Nanging, wong-wong padha nekani papan iku saben ésuk lan soré, lan kandha, “Gusti, kawula sampun nindakaken dosa. Apuntenana dosa-dosa kawula.” Banjur padha bali menyang omahé, kanthi rasa marem kaya-kaya dhéwéké wis temen-temen diapurani saka dosa-dosané. Malah wong-wong iku bisa waé padha nyanyi kanthi seneng, “♪Aku wis diapurani, ♪panjenengan wis diapurani, ♪kita kabéh wis diapurani.” Nanging perasaan sing kayamangkono iku amung sakwetara waé. Ora suwé sakwisé iku, wong-wong iku nindakaké dosa manéh lan nemokaké dhéwéké ngadeg manéh ana ingngarepé mezbah kurban obongan sepisan manéh, lan ngakoni, “Gusti, kawula tiyang dosa.” Wong-wong sing bolak-balik saka lan menyang mezbah iku kanggo misungsungaké kurban saben dina, senadyan kayangapa pengakon imané marang Jahshua, isih tetep waé wong dosa. Wong-wong sing kaya mangkono iku ora bakal tau bisa mlebu ana ing Kratonéng Jahwéh sing Suci.

Sapa, banjur, sing kanthi sampurna bisa nampa pangapuranéng dosa lan mlebu ana ing Sasana Suciné Jahwéh? Wong-wong iku yaiku sing ngerti lan pracaya marang kain biru, kain wungu lan kain abang sing ditetepaké Jahwéh. Wong-wong sing pracaya marang bab iku bisa mlebu lewih adoh saka mezbah kurban obongan lumantar imané marang sédané Jahshua sing nampa sakabéhéng dosa sing disanggakaké marang Panjenengané, mbasuh tangan lan samparané ana ing bokor padasan lan ngengetaké dhiriné menawa sakabéhéng dosané wis disanggakaké marang Jahshua lumantar baptisané Panjenengané, sing banjur bisa mlebu ana ing Sasana Suciné Jahwéh. Wong-wong sing pracaya marang Injil banyu lan Roh lan nampa pangapuranéng dosa bisa mlebu ana ing Kratonéng

Swarga amarga saka imané, amarga imané iku ditampa déneng Jahwéh.

Aku ngarepaké supaya panjenengan bisa mangerténi lan pracaya menawa teges sing Alkitabiah saka werna biru iku baptisané Jahshua. Akéh wong ngaku pracaya marang Jahshua ana ing jaman iki, nanging amung sethahik sing tumeka ana ing kapracayan marang banyu (werna biru) saka baptisané Jahshua. Iki sakwijinéng fenomena sing banget nyedhihaken. Banget ndadékaké cilik ati menawa akéh wong sing ninggalaké babagan iman sing paling wigati yaiku iman marang baptisan saka keyakiné, nalika Jahshua rawuh ana ing dunya iki dudu amung minangka Jahwéh lan kanggo séda ana ing Kayu Salib waé. Aku ngarepaké lan ndedonga supaya ing dina iki uga, panjenengan kabéh bakal mangerténi lan pracaya marang iman kain biru, kain wungu lan kain abang lan kanthi mangkono banjur bakal dadi wong-wong sing bisa mlebu ana ing Kratonéng Jahwéh.

Kita Kudu Pracaya Marang Gusti Kan Dicethakaké Ana Ing Kain Biru, Kain Wungu Lan Kain Abang Ana Ing Kémah Suci, Sing Dadi Bahan Kanggo Kaslametan Kita

Gusti kita wis nylametaké panjenengan lan aku. Nalika kita nyawang marang Kémah Suci, kita bakal bisa meruhi saiba trewacané cara Gusti nylametaké kita. Pangucap syukur kita orabakal cukup kanggo bab iki. Saiba kebak panuwun kita menawa Gusti wis nylametaké kita lumantar kain biru, kain wungu lan kain abang lan menawa Panjenengané uga maringaké marang kita iman sing pracaya marang kain biru, kain wungu lan kain abang iku!

Wong-wong dosa ora bakal tau bisa mlebu ana ing Sasana Suci tanpa nganggo nugrahané Jahwéh lan nglakoni penghakiman sing nggegirisi tumrap dosa-dosané. Kepiyé bisané wong sing durung dihakimi tumrap dosa-dosané bisa mbukak lawang gapura Kémah Suci lan mlebu ana ing Kémah Suci iku? Ora bakal bisa! Menawa wong-wong sing kaya mangkono bisa mlebu ana ing Kémah Suci, dhéwéké bakal dilaknat lan dadi wuta amarga saka silauné cahya sing sumunar. “Wow, ana ing kéné padhang banget! Oh-h, apa sebabé aku ora weruh apa-apa? Nalika aku ana ing njaba, aku ngiramenawa aku bisa mlebu lan meruhi kabéh samubarang sing ana ing Sasana Mahasuci menawa aku mlebu. Apa sebabé aku ora weruh apa-apa lan kahanan ing kéné peteng banget? Aku bisa weruh kanthi cetha nalika aku ana ing njabané Sasana Suci . . . Ana sing kandha menawa Sasana Suci iki padhang banget, nanging apa sebabé saiki kok malah dadi peteng?” Wong-wong iku ora bisa weruh amarga wis dadi wuta roani, amarga ora padha duwé iman marang kain biru, kain wungu lan kain abang. Mangkono uga, wong-wong dosa ora bakal bisa mlebu ana ing Sasana Suci.

Gusti kita wis ndadékake kita bisa ora wuta nalika ana ing Sasana Suci, lan nampa urip langgeng ana ing Sasana Suci. Lumantar kain léna alus sing ditenun nganggo benang biru, wungu lan abang sing ditemokaké ana saben papan ing Kémah Suci, Jahwéh ngendika marang kita ngenani carané kaslametan kita, lan cocok karo Sabda wecané Panjenengané, Panjenengané pancén wis ngluwaru kita saka sakabéhing dosa kita.

Gusti kita wis nylametaké kita lumantar banyu, rah lan Roh Suci (1 Yohanes 5:4-8), saéngga kita ora bakal dadi wuta saben-saben kita nyawang kamulyané Panjenengané sing sumunar. Panjenengané wis nylametaké kita lumantar kain léna

alus sing ditunen nganggo benang biru, wungu lan abang. Gusti kita wis prasetya lumantar sabdané Jahwéh sing trewaca banget, lan Panjenengané wis ngendika menawa Panjenengané bakal nylametaké kita kanthi netepi kabéh prasetyané.

Apa panjenengan percaya menawa panjenengan lan aku wis dislametaké lumantar karyané Jahshua sing cetha banget lan dicethakaké ana ing kain léna alus sing ditunen nganggo benang biru, wungu lan abang? Ya! Apa kita dislametaké kanthi cara acak? Ora! Kita ora bisa dislametaké tanpa percaya marang kain biru, kain wungu lan kain abang.

Kain biru duduk nyethakaké ngenani Jahwéh. Bab iki nyethakaké ngenani baptisané Jahshua sing dadi sarana Panjenengané nyangga sakabéhéng dosa wong-wong dosa ing dunya iki ana ing Kali Yardén.

Bisa waé, kebeneran, ana wong sing ngadeg sakcedhaké mezbah kurban obongan tanpa percaya marang kain biru, baptisané Jahshua. Manungsa malah bisa waé tekan bokor padasan sakwise ngliwati mezbah kurban obongan, nanging wong-wong iku ora bakal bisa mlebu ana ing Sasana Suci papan palenggahané Jahwéh. Wong-wong sing bisa mbukak gerbang Kémah Suci lan mlebu ana ing Kémah Suci amung para putrané Jahwéh sing wis nampa pangapuranéng dosa lan percaya kanthi gumolong marang Injil banyu lan Roh. Nanging wong-wong dosa, senadyan sapa waé, ora bakal bisa mlebu ana ing Sasana Suci. Nganti sepira adohé, kita kudu mlebu supaya kita bisa nampa kaslametan kita? Kita dislametaké dudu amung nalika kita mlebu ana ing gapura plataran Kémah Suci, nanging nalika kita mlebu ana ing Sasana Suci papan palenggahané Jahwéh.

Bédané Antarané Iman Sing Ana Saknjeroné Kémah Suci Karo Sing Ana Saknjabané Kémah Suci

Mezbah kurban obongan lan bokor padasan sing ana ing plataran sisih njaba Kémah Suci digawé saka perunggu, lan pageré uga digawé saka kayu, perak lan perunggu. Nanging nalika kita mlebu ana ing Kémah Suci, bahan-bahané béda kabeh. Salah sakwijinéng ciri paling utama saka Sasana Suci yaiku menawa papan iku bisa diarani “Omah saka emas.” Tembok telung sisi digawé saka 48 papan kayu penaga sing kabéh disaput nganggo emas. Meja roti unjukan lan mezbah padupan uga digawé saka kayu penaga, kanthi saputan emas, lan pedamaran uga digawé kanthi cara nempa emas sak talénta. Kanthi mangkono, kabéh prabotan sing ana ing Sasana Suci digawé utawa disaput nganggo emas.

Ing sisi liyané, apa umpak sing didokokaké ana sakngisoré papan iku? Kabéh digawé saka perak. Nalika umpak kanggo cagak ing plataran Kémah Suci digawé saka perunggu, umpak ana sakngisoré papan ana saknjeroné Kémah Suci digawé saka perak. Lan nalika cagak-cagak ana ing plataran digawé saka kayu, papan ana ing Kémah Suci digawé nganggo kayu penaga nanging disaput nganggo emas. Nanging umpak kanggo cagak lawangé Kémah Suci digawé saka perunggu.

Senadyan umpak ana sakngisoré papan Kémah Suci digawé saka perak, umpak-umpak sing ana ing lawangé Kémah Suci digawé saka perunggu. Apa tegesé? Iki ateges menawa sapa waé sing kepéngin marak ing ngarsané Jahwéh kudu dihakimi kanggo dosa-dosané. Kepiyé, banjur, kita bisa marak ing ngarsané Jahwéh menawa nalika kita dihakimi kita malah banjur mati? Menawa kita mati, kita ora bakal bisa marak ing ngarsané Jahwéh.

Lumantar perunggu sing digawé kanggo umpak cagak lawang Kémah Suci, Jahwéh ngendika menawa senadyan kita kudu dihakimi amarga saka dosa-dosa kita, Jahshua nyangga sakabéhéng dosa kita marang dhiriné Panjenengané lumantar baptisané lan diukum kanggo dosa-dosa nggantékaké kita. Kita iki wong-wong sing kudu diukum amarga saka dosa-dosa kita. Nanging ana Wong liya sing nyangga sakabéhéng laknat dosa-dosa nggantékaké kita. Panjenengané sing wis nyangga sakabéhéng laknat lan séda ngganti kita iku ora liya kejaba Jahshua Kristus piyambak.

Iman sing dicethakaké ana ing kain biru iku iman sing pracaya menawa Jahshua Kristus nampa sakabéhéng dosa kita ana ing dhiriné lumantar baptisané lan wis ngapurani kita saka sakabéhéng dosa kita. Nalika Jahwéh nampa gesangé Jahshua Kristus kanggo nyangga sakabéhéng dosa kita sing disanggakaké marang Panjenengané lumantar baptisané sing dadi lantaran ngrampungé dosa-dosa kita, kita ora perlu manéh ngadhepi laknat apa waé kanggo dosa-dosa kita. Iman sing dicethakaké ana ing kain abang iku yaiku iman marang rahé Jahshua Kristus ana ing Kayu Salib. Iman iki pracaya menawa Jahshua Kristus dadi wakil kita nyangga laknat tumrapéng dosa-dosa kita sing kuduné kita tanggung dhéwé.

Amung wong-wong sing nyanggakaké sakabéhéng dosané marang Jahshua kanthi pracaya marang baptisan, lan wis dihakimi tumrap dosa-dosané kanthi pracaya marang rah sing diwutahaké Jahshua ana in Kayu Salib lan sédané tumrap sakabéhéng dosa mau, bisa mlebu ana ing Sasana Suci. Iki sing dadi sebabé umpak kanggo cagak lawangé Kémah Suci digawé saka perunggu. Kanhi mangkono, kita kudu pracaya marang rahé Kristus sing wis nyangga sakabéhéng dosa kita menyang dhiriné Panjenengané lumantar baptisané lan nyangga paukuman nggantékaké kita.

Jahweh wis nemtokaké menawa amung wong-wong sing yakin ngenani kasunyatan menawa Jahshua Kristus sing wis nylametaké dhéwéké iku pancén Jahwéh piyambak (kain wungu), marang baptisané Jahshua (kain biru), lan bebener menawa Jahshua wis nggantékaké kita nyangga dosa (kain abang) sing bakal bisa mlebu ana ing Sasana Suci. Jahwéh wis ngeparengaké amung wong-wong sing wis dihakimi kanggo dosa-dosané kanthi pracaya marang Jahshua, lan sing pracaya menawa Jahshua wis nylametaké dhéwéké saka sakabéhéng dosané, sing bisa mlebu ana ing Sasana Suci.

Umpak kanggo cagakéng lawang Kémah Suci digawé saka perunggu. Umpak perunggu iki duwé teges rohani menawa Jahwéh wis ngeparengaké wong-wong dosa sing lair minangka tedhak turuné Adam supaya padha bisa mlebu ana ing Sasana Suci palengghané amung menawa wong-wong iku, senadyan sapa waé, duwé iman marang kain biru (baptisané Jahshua), kain abang (sédané Jahshua nggantékaké paukuman kanggo kita), lan kain wungu (Jahshua iku Jahwéh piyambak). Menawa lima umpakéng cagak lawang iku digawé saka perunggu iku nyethakaké ngenani Injil Jahwéh, kaya déné kan sinerat ana ing Rum 6:23, *“Sebab opahé dosa kuwi pati, nanging sih-kanugrahané Gusti Jahwéh ngolèhaké urip langgeng, lantaran Kristus Jahshua, Gusti kita”* Jahshua wis nyangga sakabéhéng dosa kita kanthi banyu, rah lan Roh Suci.

Kita Aja Nganti Nglirwakaké Nanging Kudu Pracaya marang Sabda lan Jahwéh

Pracaya marang Jahshua ora ateges menawa panjenengan banjur dislametaké tanpa dhasar. Uga teka ana ing gréja ora ateges panjenengan tanpa dhasar wis dilairaké manéh. Gusti

kita ngendika ana ing Yohanes 3 menawa amung wong-wong sing wis dilairaké manéh saka banyu lan Roh sing bisa mirsani lan mlebu ana ing Kratonéng Jahwéh. Jahshua kanthi cetha negesaké marang Nikodémus, sakwijinéng pemimpin agama Yahudi sing setya tuhu lan pracaya marang Jahwéh, “Kowé mulangi wong-wong Yahudi, nanging kowé ora pirsia ngenani dilairaké manéh? Amung menawa wong iku dilairaké manéh saka banyu lan Roh waé dhéwéké bisa ndeleng lan mlebu anaing Kratonéng Jahwéh.” Wong-wong sing pracaya marang Jahshua bisa dilairaké manéh amung menawa dhéwéké duwé iman marang kain biru (Jahshua nyangga sakabéhéng dosa kita marang dhiriné nalika Panjenengané kabaptisaké), kain abang (Jahshua séda amarga saka dosa-dosa kita), lankain wungu (Jahshua iku Juruslamet, Jahwéh piyambak, lan Putra Jahwéh). Kanthi mangkono, lumantar kain biru, kain wungu lan kain abang sing ditemokaké ana ing sakabéhéng papan ing Kémah Suci, kabéh manungsa kudu pracaya menawa Jahshua kku Juruslameté wong dosa.

Amarga akéh wong sing pracaya marang Jahshua tanpa pracaya marang bebener iki saéngga wong-wong iku ora bisa dilairaké manéh lan ora mangerténi Sabda dilairaké manéh. Gusti kita kanthi cetha wis ngendika menawa senadyan kita ngakoni pracaya marang Jahshua, menawa kita ora dilairaké manéh, kita ora bakal bisa mlebu ana ing Sasana Suci, Kratoné sang Rama, lan ora bisa nglakoni uripéng iman sing bener.

Ana ing panemu kita sing digawé manungsa, kita bisa waé ngira saiba éndahé menawa kabéh wong Kristen bisa diarani dilairaké manéh senadyan kayangapa kapracayané. Apa ora mangkono? Menawa kita bisa dislametaké amung lumantar nyebut asma Jahshua lan ngakoni duwé iman marang Panjenengané ana ing tembung waé tanpa mangerténi kanthi trewaca apa sing ditindakaké Panjenengané kanggo manungsa,

wong-wong banjur padha nyawang lan gumun awit saka gampangé pracaya marang Jahshua. Kita bisa waé tansah ngucapaké panuwun marang Panjenengané saben kita ketemu wong Kristen anyar, lan banjur nembang, “♪Aku wis diapurani; ♪panjenengan wis diapurani; ♪kita kabéh wis diapurani.” “Amarga wis akéh banget wong-wong sing pracaya, banjur apa gunané bersaksi? Kabéh prakara wis beres kaya mangkéné. Éram banget ta?” Manawa pancén bisa mangkono, wong bakal padha ngira menawa kaslametan iku pancén gampang banget, amarga sapa waé sing nyebut asmané Gusti banjur kaslametaké, lan kaslametané wong-wong iku bakal kelakon senadyan ta wong-wong iku padha nglakoni urip sakkarepé dhéwé. Nanging Jahwéh ngendika menawa kit ora bakal bisa dilairaké manéh kanthi nganggo iman sing wuta kaya mangkono. Kosok baliné, Panjenengané ngendika menawa wong-wong sing padha ngaku dislametaké tanpa mangerténi Injil banyu lan Roh iku sing dadi penggawé piala.

Sing Dilairaké Manéh Iku Roh Panjenengan, Dudu Daging Panjenengan

Jahshua dadi manungsa, rawuh ana ing dunya iki, lan wis nylametaké kita lumantar Injil banyu lan Roh. Yusuf kang ramané Jahshua miturut daging iku sakwijinéng tukang kayu (Matius 13:55), lan Jahshua ngladosi kulawargané sing dipimpin sang rama kang tukang kayu, lan Panjenengané uga makarya minangka tukang kayu nganti 29 taun wiwitan gesangé ing dunya. Nanging nalika Panjenengané ngancik yuswa 30, Panjenengané kudu miwiti karya keilahiané, yaiku, nindakaké peladosan kanggo wong akéh.

Amarga Jahshua nduwéni hakékat Ilahi lan hakékat

kamanungsan, kita wong-wong sing dilairaké manéh uga duwé hakékat loro sing béda. Kita duwé daging lan roh. Nanging, nalika ana manungsa ngakoni pracaya marang Jahshua lan rhé ora dilairaké manéh, ateges wong iku pancén durung dilairaké manéh—yaiku, dhéwéké ora duwé roh sing dilairaké manéh. Menawa ana wong sing nyuba pracaya marang Jahshua tanpa dilairaké manéh rohé, wong-wong iku banjur sakderma dadi wong sing nyuba dilairaké manéh nganggo kakuwatanéng daging kaya déné Nikodemus, lan dudu sakwijinéng wong sing temen-temen dilairaké manéh. Senadyan Jahshua iku Jahwéh piyambak ana ing hakékaté, nanging Panjenengané uga kagungan hakékat daging kamanungsan sing uga ngrasakaké karingkihan. Kanthi mangkono, nalika kita kandha menawa kita wis dilairaké manéh, iku ateges roh kita sing wis dilairaké manéh, dudu daging kita.

Menawa kabéh wong sing ngaku pracaya marang Jahshua pancén wis dilairaké manéh, aku bakal ngupaya supaya dikenal dadi pendéta sing apik. Apa sebabé? Amarga aku ora bakal ngrasa sedhik ndeleng wong-wong sing ora pracaya marang bebener, lan amarga iku aku ora perlu martakaké khutbah kang tegas ana ing khotbah-khotbahku lan ora ngarep menawa wong-wong iku uga bakal mangerténi bebener. Aku bakal ngétokaké dhiri dadi pendéta sing ramah, pinuji, apik, lemah-lembut dan kebak humor, lan nyethakake marang wong-wong kepiyé carané dadi wong-wong mursid ana ing dagingé. Mesthi waé, aku uga bisa ndandani penampilanku, nanging aku orabakal tumindak mangkono. Aku ora bakal tumindak mangkono amarga aku ora kepéngin ndadékaké wong-wong iku duwé panemu, “Pendéta iki temen-temen nuduhaké urip sing suci lan sih katresnané Jahshua.” Iki amarga dagingé kamanungsan ora bakal bisa owah, lan amarga kanggo ngétokaké tumindak sing apik, becik, lan kebak sih katresnan

miturut daging ora ateges menawa wong-wong iku wis dilairaké manéh. Ora ana manungsa sing bisa dilairaké manéh ana ing dagingé. Roh waé, babagan sing ana ing uripé manungsa, sing kudu dilairaké manéh lumantar pracaya marang sabdané Jahwéh.

Nalika panjenengan pracaya marang Jahshua, panjenengan kudu mangerténi bebener. *“Nuli kowé bakal nglakoni kersané Jahwéh, lan srana mengkono kowé dadi wong merdika”* (Yohanes 8:32). Amung bebeneré Jahwéh sing ndadékaké kita dilairaké manéh, ngluwari jiwa kita saka bebendunéng dosa, lan ndadékaké kita dilairaké manéh minangka wong-wong mursid. Amung nalika kita mangerténi, pracaya lan martakaké Kitab Suci kanthi bener kita bisa lumebu ana ing tutupéng pendhaméan ing Sasana Mahasuci. Injil banyu lan Roh sing ndadékaké jiwa kita dilairaké manéh iku bebener, lan iman marang bab iki wis ndadékaké kita diapurani saka sakabéhéng dosa kita lan ndadékaké kita bisa urip ana ing iman marang Jahwéh. Injil banyu lan Roh sing ana ing ati kita ndadékaké kita urip minangka putra-putrané Jahwéh sing dilairaké manéh ana ing dunyanéng roh kang sumunar padhang ana ing sukarenanéng Gusti.

Pracaya marang Jahshua kanthi wuta-wuta waé iku dudu iman sing benar. Disawang saka kacamatanéng manungsa, aku duwé karingkahan. Aku ora amung lamis lambé waé, nanging saben aku nindakaké samubarang, aku temen-temen ngrasakaké menawa aku pancén duwé karingkahan. Minangka tuladha, nalika aku nyiapaké dhiri kanggo sakwijinéng kémah Alkitab supaya para wong-wong mursid sing anyar sing mélu bakal bisa mirengaké Sabda kanthi nyaman, lan atiné padha dipadhangi dénéng sih nugrahané Jahwéh, nampa berkah dilairaké manéh, lan mbalik sakwisé nampa kelegan ana ing badan lan atiné, aku nemokaké menawa ana akéh banget sing

ora tau tak pikiraké lan ora tau tak siapaké sakdurungé. Babagan sing bisa diberesaké kanthi digatékaké sethithik waé tansah kelakon nalika mangsané persiapan wis rampung lan kémah iku wis bakal diwiwiti. Aku banjur nakoni awakku dhéwé apa sebabé aku bisa ora tau mikiraké bab iku sakdurungé lan nyiapake dhiri, senadyan menawa aku nggatékaké sethithik waé ana ing perencanaan ngenani kémah Alkitab iku, wong-wong mursid lan jiwa-jiwa anyar sing padha rawuh bakal bisa mirengake Sabda kanthi apik, dislametaké, lan ngrasakaké dina-dina kang nyenengaké. Uga, senadyan aku wis makarya sedina nutug, amarga saka kurang telitiné aku dhéwé, ana wektu-wektuné aku ora ngasilake sing akéh. Aku dhéwé ngrasakaké kasunyatan menawa aku pancén duwé akéh banget karingkihan.

“Apa sebabé aku ora bisa tumindak mangkono? Apa sebabé aku ora tau mikiraké bab iku? Sing diperlokaké yaiku nggatékaké bab iku, nanging apa sebabé aku ora tau tumindak mangkono?” Nalika aku temen-temen ngladosi Injil, aku sadhar dhiri lan ngakoni, “Iki aku. Kaya mangkéné kakuranganku.” Aku ora amung lamis lambé waé, lan éthok-éthok lembah manah, nanging aku, kasunyatané, pancén wong-wong sing ora bisa ngrampungni kanthi becik perkara ing sepélé lan malah nggarap kanthi sembarangan. Nalika nyawang dhiriku, aku meruhi akéh banget kakuranganku dhéwé.

Kita Nampa Kasucén Lumantar Kain Biru

Nalika wong-wong padha mikir ngenani dhiriné dhéwé, wong-wong iku padha ngrasa kaya-kaya bisa nindakaké kabéh perkara tanpa gawé kaluputan. Nanging nalika wong-wong iku temen-temen nindakaké sakwijinéng pakaryan, kemampuan lan

karingkihané sing sejati bakal nyata. Wong-wong iku nemokaké menawa dhéwéké temen-temen ringkih lan mnawa dhéwéké ora bisa ora nindakaké dosa lan kaluputan. Uga, nalika wong-wong padha ngira menawa dhiriné apik-apik waé, wong-wong iku padha nganggep dhiriné bakal bisa mlebu ana ing Kratonéng Jahwéh amarga saka kabecikan imané.

Nanging daging ora tau bisa owah. Ora ana daging sing ora duwé kaluputan, lan daging tansah nindakaké kaluputan lan ngétokaké karingkihané. Menawa, kebenaran, panjenengan ngira menawa bisa mlebu ana ing Kratonéng Jahwéh amarga saka kabecikan sing panjenengan tindakaké nganggo daging panjenengan, panjenengan kudu mangerténi menawa senadyan kaya ngapa beciké daging panjenengan, bab iku babar pisan ora ana gunané ana ing ngarsané Jahwéh. Siji-sijinéng perkara sing bisa ndadékaké kita mlebu ana ing Kratonéng Jahwéh yaiku iman marang Sabdanéng bebener—kain biru, kain wungu lan kain abang menawa Gusti wis nylametaké kita. Amarga Gusti wis nylametaké kita lumantar kain biru lan kain ungu, lan, kita bisa mlebu ana ung Sasana Suci amung kanthi pracaya marang bab iku.

Menawa Jahwéh ora nylametaké kita lumantar kain biru, kain wungu lan kain abang, kitaorabakal bisa mlebu ana ing Sasana Suci. Ora peduli kaya ngapa kuaté iman kita, kita tetep orabakal bisa mlebu ana ing kana. Apa sebabé? Amarga menawa bisa mangkono, iku ateges menawa iman kita marang daging kita kudu tansah apik saben dina supaya kita bisa mlebu ana ing kana. Menawa kita bisa mlebu menyang Kratonéng Jahwéh amung amarga iman kita becik saben dina, kepiyé carané kita, sing duwé daging kang ringkih banget, bisa ndadékaké ima kita tetep becik sing ndadékaké kita bisa mlebu ana ing Kratonéng Jahwéh? Badan kita kudu dadi badan kang suci sing ora duwé dosa babar pisan minangka wiwitan, utawa

kita kudu tansah ngunjukaké donga mratobat kita sarta puasa saben dina, nanging badané sapa sing bisa tumindak kaya mangkono?

Menawa Jahwéh ora nylametaké kita kanthi kain biru, kain wungu lan kain abang, ora ana ing antarané kita sing bisa mlebu ana ing Kratonéng Swarga. Kita duwé urip sing kadhangkala imané iku ilang sakwetara wektu. Nalika iman kita dadi apik sakwetara lan banjur ilang manéh wola-wali, kita dadi bingung apa sejatiné kita iku duwé iman apa ora, lan wekasané banjur kélangan iman wiwitan sing kita duwéni. Wekasané, kita malah dadi sangsaya dosa senadyan kita wis pracaya marang Jahshua. Nanging Jahshua wis kanthi sampurna nylametaké kita, wong dosa sing tanpa daya, kaya déné rancangan kaslametané Panjenengané kang dirancang saka kain léna alus sing ditunen nganggo benang biru, wungu lan abang. Panjenengané wis maringaké pangapuranéng dosa marang kita.

Amung nalika kita duwé iman iku kita bisa ndokokaké ana ing rerenggan emas iku, “Kudus kagem Gusti,” ana ing serban kita kaya déné kagungané Imam Agung (Pangentasan 28:36-38). Banjur kita bisa nglakoni jejerling kaimaman kita. Wong-wong sing bisa neksékaké “Kudus kagem Gusti,” marang wong-wong liya iku ora liya kejaba wong-wong sing wis duwé bukti menawa wong-wong iku wis nampa pangapuranéng dosa lumantar Injil banyu lan Roh.

Rerenggan emas didokokaké ana ing serban mustakané Imam Agung, lan sing njiret rerenggan iku uga tali warna biru. Apa sebabé, banjur, Jahwéh ngendika menawa serban iku kudu dijiret nganggo tali biru? Sing diperlokaké Gusti kanggo kaslametan kita yaiku kain biru, lan kain biru iki nuduhaké marang baptisan sing dadi lantaran Jahshua nyangga sakabéhéng dosa kita marang dhiriné Panjenengané. Menawa

Gusti ora ngilangaké dosa kita kanthi nyangga marang dhiriné ana ing Prajanjian Anyar lumantar baptisan, sing padha karo panumpangan tangan ana ing Prajanjian Lawas, kita ora bakal bisa nampa kekudusan saka Jahwéh senadyan kaya ngapa kita pracaya marang Jahshua. Iki sebabé rerenggan emas iku dijiret marang serban nganggo kain biru. Lan kabéh wong sing meruhi Imam Agung ngagem rerenggan sing ditulis “Kudus kagem Gusti” bisa ngéngetaké dhiriné menawa dhéwéké uga kudu kudu ana ing ngarsané Jahwéh kanthi nampa pangapuranéng dosané. Lan iki ndadékaké wong-wong iku padha mikiraké carané bisa padha dadi kudu ing ngarsané Jahwéh.

Kita, uga, banjur kudu énget ngenani carané kita dadi wong mursid. Kepiyé kita dadi wong mursid? Mangga kita pirsani Matius 3:15. *“Nanging Gusti Jahshua ngandika: “Wista, bèn waé, awit srana mengkono Aku lan kowé padha netepi sing dadi bebeneré Gusti Jahwéh.” Nabi Yohanes nuli nuruti kersané.”* Jahshua wis nylametaké kita saka sakabéhéng dosa kita lumantar nampa baptisan. Amarga Jahshua nyangga sakabéhéng dosa kita menyang dhiriné lumantar baptisané, wong-wong sing pracaya marang bab iku dadi ora duwé dosa. Menawa Jahshua ora kabaptisaké, kepiyé kita bisa wani wani kandha menawa kita ora duwé dosa? Apa panjenengan nampa pangapuranéng dosa amung amarga saka pangakonéng iman marang sédane Jahshua ing Kayu Salib dibarengi eluhéng ketuluan ana ing paningal panjenengan? Ana akéh wing, sing sejatiné angél mélu ngrasakaké sedhihe sédané Jahshua, sing ora ana sesambungané karo dhéwéké, nanging ngupaya ngetokaké eluh kanthi mikiraké ngenani sédané embah kakungé, ngenani kaangélan pribadhiné nalika padha nandhang lara, utawa ngenani masalah lan kasangsarané dhéwéké ing mangsa kepungkur. Senadyan panjenengan ngupaya nangis

amarga sebab-sebab iku, utawa panjenengan temen-temen sedhik amarga saka penyalibané Jahshua, dosa-dosa panjenengan tetep waé ora bisa diilangaké kanthi cara mangkono.

Kaya déné rerenggan emas kang ditulisi “Kudus kagem Gusti” dijiret nganggo tali biru menyang serbané Imam Agung, sing nyangga sakabéhéng dosa kita lan ndadékake kita kudus iku baptisané Jahshua. Ati kita nampa pangapuranéng dosa amarga Jahshua, amarga Jahshua nyangga sakabéhéng dosa kita menyang dhirinélumantar baptisané, lan amarga sakabéhéng dosa dunya wis disanggakaké marang Jahshua lumantar baptisané. Ora peduli senadyan kaya ngapa kosongé ati kita, lan kaya ngapa kurangé tumindak kita, kita wis dadi wong-wong mursid lan dislametaké kanthi sampurna amarga saka Sabda kain biru kang sinerat ana ing Kitab Suci. Nalika kita nyawang daging kita, kita ora bakal bisa ngrasa mongkog, nanging amarga iman kita marang kain léna alus sing ditunen nganggo benang biru, wungu lan abang iku ana ing ati kita---yaiku, amarga kita nduwéni Injil banyu lan Roh sing sampurna sing mulangaké menawa Jahshua nyangga sakabéhéng dosa marang dhiriné lumantar baptisané lan nyangga paukuman kita ana ing Kayu Salib—kita bisa kanthi kendel lantapa rasa wedi nyritakaké ngenani Injil. Amarga kita nduwéni Injil banyu lan Roh saéngga kita bisa urip saka iman minangka wong-wong mursid, lan uga martakaké iman sing bener iku marang wong-wong liya.

Ucap panuwun kita ora bakal bisa cukup ngenani sih nugrahané Gusti kita. Amarga kaslametan kita ora kelakon tanpa dhasar, kita sangsaya ngucapaké panuwun ngenani bab iku. Kaslametan sing kita tanpa iku dudu perkara sepélé sing ora bakal bisa ditampa dénéng wong-wong sing ora duwé kapracayan sing bener. Nyebut asma Gusti kanthi sakkarepé

dhéwé, lan kandha, “Gusti, Gusti,” ora ateges menawa kabéh manungsa sing kandha kaya mangkono bakal dislametaké. Amarga kita duwé ana ing ati kita bukti-bukti menawa dosa-dosa kita wis diilangaké lumantar Injil banyu lan Roh, menawa Gusti kita wis nylametaké kita kanthi sampurna nganggo kain léna alus sing ditunun nganggo benang biru, wungu lan abang, kita bisa ngucapaké panuwun marga saka kaslametan sing agung iku.

Kitab Suci ngendika menawa kabéh wong sing pracaya marang Jahshua Kristus sang Putra Jahwéh iku padha duwé paseksén ana ing atiné (1 Yohanes 5:10). Menawa ora ana paseksén ana ing ati kita, kita bakal ndadékaké Jahwéh iku pandusta, lan amarga iku kita perlu nduwéni bukti sing kuwat ana ing ati kita. Kanthi mangkono, ora ana alesan kita bisa kadustan déneng sakwetara wong sing nantang panjenengan lan kandha, “Buktékaké marang aku menawa kowé wis dislametaké. Kowé kandha menawa nalika wong nampa pangapuranéng dosa, dhéwéké bakal nampa Roh Suci minangka sih nugraha, lan menawa bakal ana bukti-bukti sing cetha saka kaslametan iku. Tuduhaken bukti-bukti iku.” Panjenengan bisa nuduhaké bukti iku kanthi teges lan ngendika, “Aku duwé Injil banyu lan Roh sing dadi lantaran Jahshua nylametaké aku kanthi sampurna. Amarga aku wis dislametaké kanthi sampurna déneng Panjenengané, aku ora duwé dosa.”

Menawa panjenengan ora duwé bukti kaslametan ana ing ati panjenengan, sejatiné panjenengan durung dislametaké. Ora peduli kaya ngapa tekuné wong iku pracaya marang Jahshua, bab iku ora bisa dadi tandha kaslametané. Iki amung sakwijinéng katresnan sing ora kawales. Iki sakwijinéng katresnan sing ora nggatékaké perasaané wong sing ditresnani. Nalika ana wong sing ora bisa kita tresnani nuduhaké grayaking manah, ngepénginaké rasa kita, supaya kita ngrasa

tresna, lan nuduhaké menawa dhéwéké pancén temen-temen nresnani kita, iku ora ateges menawa kita uga kudu nresnani wong iku minangka walesané. Mangkono uga, Jahwéh ora nyambut wong-wong sing durung nampa pangapuranéng dosa amung amarga wong-wong iku temen-temen kepéngin nampa bab iku. Iki amung sakderma katresnan sing ora winales sing diduwéni dénéng wong-wong sing duwé dosa marang Jahwéh.

Nalika kita nresnani Jahwéh, kita kudu nresnani Panjenengané kanthi pracaya marang Sabdané Panjenengané ana ing bebener. Katresnan kita marang Panjenengané ora kena amung sepihak waé. Kita kudu ngandhakaké katresnan kita marang Panjenengané, lan kita kudu ngudi apa Panjenengané uga temen-temen nresnani kita apa ora sakdurungé kita nresnani Panjenengané. Menawa kita masrahaké sakkabéhéng ati kita marang wong liya sing ora temen-temen nresnani kita, bab iku amung bakal ndadékaké kita rasa remuk ati.

Gusti kita wis ndadékaké kita nganggo kamulyanéng kaslametan saka sakabéhéng dosa kita saéngga kita ora bakal diukum amarga saka dosa-dosa iku. Panjenengané wis ndadékaké kita bisa mlebu ana ing Kratonéng Jahwéh, lan Panjenengané wis maringaké marang kita sih kanugrahan sing ndadékaké kita bisa nampa pangapuranéng dosa lumantar nugrahané Jahwéh. Kaslametan saka Jahwéh wis maringaké marang kita berkah-berkah kaswargan sing ora kapétung cacahé. Kaslametan iki waé sing wis diparingaké Jahwéh marang kita, nganggo tembung liya, sing wis ndadékaké kita bisa nampa sakabéhéng berkah saka Panjenengané.

Kaslametan sing Diparingaké Lumantar bebeneré Gusti Jahwéh Marang Kita

Gusti kita wis nylametaké kita lumantar kain biru, kain wungu lan kain abang. Panjenengané wis maringaké marang kita kaslametan sing digawé saka telung warna kang béda. Kaslametan kain biru, kain wungu lan kain abang ora liya saka sih kanugrahan kaslametan sing diparingaké Jahwéh. Sih kanugrahan iki sing ndadékaké kita bisa mlebu lan urip ana ing Sasana Suci.

Injil banyu lan Roh wis ndadékaké panjenengan lan aku dadi wong-wong mursid. Iki ndadékaké kita bisa lumebu ana ing Gréja Jahwéh lan nglakoni urip sing murni. Lan Injil sing bener iku uga ndadékaké kita bisa padha nedha tetedhan rohani Sabdané Jahwéh lan nampa sih kanugrahané. Panjenengané uga ndadékaké kita bisa marak ana ing dhampar sih kanugrahané Jahwéh lan ndedonga, lan kanthi mangkono maringaké marang kita iman sing dadi lantaran kita bisa nampa sih kanugrahan sing malimpah sing diparingaké Jahwéh dadi kagungan kita. Kanthi kaslametan kita waé, Jahwéh wis maringaké berkah-berkah sing gedhé dadi kadungan kita. Iki sebabé kaslametan kita iku dadi sakwijinéng perkara sing pengaji banget.

Jahshua nitahaké supaya kita mbangun omah kita ana sakndhuwuré watu padhas (Matius 7:24). Watu padhas iki ora liya kejaba kaslametan sing kita tanpa lumantar Injil banyu lan Roh. Kanthi mangkono, kita kudu nglakoni kabéh urip kita ana ing iman kanthi dislametaké—dadi wong-wong mursid kanthi dislametaké, ngrasakaké urip langgeng kanthi dislametaké, lan mlebu ana ing Kratonéng Swarga kanthi dislametaké.

Wekasanéng jaman iki wis sangsaya cumedhak. Ing jaman iki, amarga iku, wong-wong padha duwé alesan sing lewih

kuwat kanggo dislametaké lumantar Sabda sing bener. Ana wong-wong sing kandha menawa manungsa bisa dislametaké amung kanthi pracaya marang Jahshua nganggo cara sepintas waé tanpa mangerténi iman marang kain biru, kain wungu lan kain abang, lan ngira menawa ora ana gunané kekandhan ngenani urip saka iman, amarga wis ngira cukup kaslametan kanthi cara mangkono.

Nanging, alesané aku wola-wali ngandhakaké bab iki yaiku amarga amung wong-wong sing wis nampa pangapuranéng dosa ana ing atiné bisa nglakoni uripéng iman kata déné sing ditampa dénéng Jemaat Efesus. Amarga atiné kabéh wong-wong mursid sing nampa pangapuranéng dosa iku dadi Baité Gusti sing dadi palengghané Roh Suci, wong iku kudu nglakoni uripé kanthi iman supaya aja ngrusak kekudusan mau.

Carané wong-wong mursid nglakoni uripé duwé babagan sing béda banget karo cara uripé wong-wong dosa. Saka paningalé Jahwéh, cara uripé wong-wong dosa iku cetha banget ora ana sesambungané karo apa sing Panjenengané kersakaké. Uripé wong-wong dosa kebak karo manéka rupa kemunafikan. Wong-wong iku padha temen ngupaya urip miturut angger-anggeréng Torét. Wong-wong iku nemtokaké pathokan pribadhiné ngenani kepiyé carané padha nglakoni uripé, kepiyé padha nglakoni urip mau, kepiyé padha lumaku, lan kepiyé carané padha gumuyu.

Nanging iku adoh banget karo cara urip sing dilakoni wong-wong mursid. Jahwéh ngendika marang wong-wong mursid kanthi trewaca, “Kowé tresnaa marang Jahwéhemu klawan gumolonging atimu, gumolonging nyawamu lan gumolonging budimu.” Iki cara urip singwis diparingaké Jahwéh marang wong-wong mursid. Bener banget menawa kita wong-wong mursid kanggo nglakoni urip kita kanthi nresnani

Jahwéh kanthi gumolongéng ati kita, lan kanthi ndhérék apa kersané Panjenengané nganggo gumolongéng karep kita. Kanggo nylametaké sepadhan kita, kita kudu nggawé investasi sing ora kapétung ana ing pakaryané Panjenengané. Iki sejatiné uripé wong-wong Kristen.

Menawa kita tetap ana ing tingkatan nalika kita ngira yén sing paling wigati kanggo kita yaiku menawa kita dhéwé ora nindakaké dosa, banjur kita ora bakal bisa nglakoni urip kang setya saka wong-wong Kristen sing wis dilairaké manéh. Sakdurungé aku dilairaké manéh, aku uga nduwéni panguripan iman legalistik ana ing sakwijinéng dénominasi Presbiterian kang konservatif, lan sakdawané aku isih nglakoni urip sing isih sepadhan karo angger-anggeréng Toret, banjur aku bakal nindakaké urip sing kaya mangkono nganti tuntas. Ing jaman saiki, manungsa biasané cendherung ora tumindak kaya mangkono, nanging amarga aku wis biyasa banget tumindak kaya mangkono, aku tansah kepéngin banget nindakaké angger-anggeréng Torét ana ing urip pedinanku. Aku taat banget anggoné nindakaké angger-anggeréng Torét nganti aku ora tau kerja apa waé ana ing dinané Gusti, amarga angger-anggeréng Torét ngendika menawa dina Sabat kudu diéngget lan dikudusaké, nganti aku ora gelem mlebu ana ing mobil nalika dina Minggu. Meawa aku nuntut panjenengan padha nglakoni urip sing kaya mangkono, cetha banget menawa ora bakal ana wong sing bisa nglakoni uripéng iman legalistik sing kaya mangkono. Kaya mangkono legalismené uripku sakdurungé aku dilairaké manéh. Nanging, ora peduli kaya ngapa saléh aku nglakoni uripéng keagamaanku, iku ora ana sesambungané karo kersané Jahwéh lan babar pisan ora ana gunané.

Pamirsa, apa panjenengan duwé iman kain biru, kain wungu lan kain abang? Amarga kaslametan saka Jahshua kalebu ana ing kain telung warna iki, kita bakal bisa mlebu ana

ing Sasana Suci nganggo iman kita. Kaslametan kita wis ditetepi lewih saka 2000 taun kepungkur. Jahshua Kristus, malah sakdurungé kita kenal Panjenengané, wis nyangga sakabéhéng dosa kita marang dhiriné kanthi cara dibaptisaké lan nyangga sakabéhéng dosa kita kanthi séda ana ing Kayu Salib.

Kaslametan saka Dosa Ditetepaké ana ing Jahshua Kristus

Nalika wong-wong sing durung dilairaké manéh mbalik menyang Kémah Suci, wong-wong iku ora padha mlebu saka lawang gapuranéng plataran, nanging padha ménék lan ora sah. Wong-wong iku padha kandha, “Apa sebabé kain lena iku wernané putih banget? Iki ngganggu banget. Sejatiné kain iki kudu diwarnani abang lan biru. Iki sing cocok karo kahanan ing jaman iki. Nanging pager iki wernané amung putih waé! Banjur iki uga amba banget. Uga, apa sebabé lawang iki dhuwur banget? Dhuwuré lewih saka 2,25 meter. Dhuwurku waé ora nganti 2 meter; banjur kepiyé carané aku bisa mlebu menawa pageré dhuwur banget kaya mangkéné? Ya wis, aku bakal nyoba ménék nganggo andha!”

Wong-wong sing kaya mangkono padha nyoba mlebu nganggo lelandhasan kabecikané. Wong-wong iku padha ménék pagering Kémah Suci nganggo pisungsungé, pakaryan kabecikané, lan kesabaran, banjur mlumpat ngliwati pager, lan kandha, “Aku mesthi bisa ngliwati 2,25 meter.” Dadi kanthi ménék mlebu menyang plataran Kémah Suci, wong-wong iku banjur nyawang ing mburi sarta meruhi mezbah kurban obongan. Banjur wong-wong iku sakwisé nyawang mezbah kurban obongan banjur nyawang Sasana Suci, lan babagan sing

kapisan sing diweruhi yaiku bokor padasan sing ana ing sakngarepé Sasana Suci.

Dhuwuré cagak plataran iku sakwetara 2,25 meter, nanging dhuwuré cagak lan gordhéné Sasana Suci papan palenggahané Jahwéh yaiku 4,5 m. Wong bisa mlebu ana ing plataran Kémah Suci sakkarepé menawa dhéwéké pancén ngarepaké. Nanging senadyan wong-wong iku bisa ngliwati pager sing dhuwuré 2,25 lan mlebu ana ing plataran Kémah Suci, nalika wong-wong iku mlebu ana ing papan palenggahané Jahwéh, wong-wong iku kudu ngadhepi cagak-cagak lan gordhén sing dhuwuré 4,5 m ana ing lawang mlebu menyang Sasana Suci. Wong bisa ngupaya nglumpati 2,5 meter nganggo upayané. Nanging wong ora bisa nglumpati 4,5 m sing ditemtokaké Jahwéh. Iki wis ngungkuli wateséng kakuwatané.

Iki ateges menawa nalika kita wiwitané pracaya marang Jahshua, kita bisa waé amung pracaya marang bab iku minangka agama waé. Uga, ana sakwetara wong sing bisa pracaya marang Jahshua minangka Juruslamet sakkarep atiné waé, lan pracaya menawa Juruslamet amung salah siji saka papat manungsa kang agung waé. Senadyan kaya ngapa wong iku pracaya, wong-wong iku bisa duwé iman kanthi cara sing kaya ngapaa sing dikarepaké, nanging wong-wong iku ora bakal bisa dilairaké manéh lumantar iman sing kaya mangkono.

Supaya temen-temen dilairaké manéh, wong-wong iku kudu ngliwati lawang gapuranéng kain biru, kain wungu lan kain abang nganggo imané. Kita dilairaké manéh ing ngarsané Jahwéh kanthi pracaya menawa Jahshua iku Juruslamet kita lan dalanéng bebener, lan menawa Panjenengané wis nylametaké kita lumantar banyu, rah lan Roh Suci. Manungsa pancén bebas kanggo pracaya marang apa waé nanging babar pisan ora ana bukti sing pinesthi ngenani wong iku bisa dislametaké lan

diparingi berkah sing gedhé kanthi percaya marang bab iku. Amung kanthi iman kita marang Injil banyu lan Roh waé kita bisa nampa kelangenané Jahwéh sing agung iku. Tujuan saka iman kita marang Injil banyu lan Roh iku yaiku kanggo ndadékaké kita nyandhang sih kanugrahané Jahwéh.

Apa panjenengan nganggep menawa Kémah Suci iku amung sakderma papan sisi papat waé, kanthi bangunan ana ing sakndhuwuré? Menawa mangkono panjenengan ora bakal bathi apa-apa saka iman panjenengan. Kémah Suci nyethakaké marang kita ngenani iman sing jangkep, lan kita kudu temen-temen mangerténi kanthi banget ngenani iman iki.

Tanpa mangerténi Kémah Suci babar pisan, mbok menawa panjenengan bakal ngira menawa dhuwuré Kémah Suci iku padha karo pageré, 2,25 m. Nanging ora kaya mangkono. Senadyan kita ora mlebu ana ing plataran lan amung nyawang saka njabané pager waé, kita bakal bisa meruhi menawa Kémah Suci iku dhéwé dhuwuré thikel pindho saka dhuwuré pageré. Senadyan kita ora bakal bisa meruhi dhasaré Kémah Suci iku, kita tetep bakal bisa meruhi lawangé kanthi cetha, amarga Kémah Suci iku pancén lewih dhuwur tinimbang pager platarané.

Wong-wong sing wis dilairaké manéh kanthi percaya marang Jahshua lan banjur mlebu ana ing lawangéng gapura plataran Kémah Suci kudu ngakoni imané sing bener ana ing mezbah kurban obongan lan bokor padasan, lan banjur mlebu ana ing Sasana Suci. Supaya bisa mlebu ana ing Sasana Suci, kudu ana pangéndhanéng dhiri kanthi jangkep. Prabotan sing ana ing Sasana Suci kudu dibédakaké karo prabotan sing ana ing njabané Kémah Suci.

Apa panjenengan ngerti apa sing paling digething Iblis? Dhéwéké gething banget amarga digawéné pager sing misahaké antarané bagian njaba karo bagian njeroné Sasana

Suci iku. Amarga Jahwéh makarya ana ing papan iku mbédakaké antarané bagian njaba karo bagian njeroné Sasana Suci, Iblis gething banget amarga garis sing misahaké iku digawé lan banjur nyoba ngupaya supaya manungsa aja nganti gawé garis sing kaya mangkono. Nanging éngeta bab iki: Jahwéh kanthi cetha makarya lumantar wong-wong sing nggawé gariséng pemisah iman iki. Jahwéh rena banget marang wong-wong sing gawé garis pemisah iku, lan Panjenengané maringaké berkah-berkah marang wong-wong iku saéngga wong-wong iku bisa urip ana ing Sasana Suci kanthi imané sing padhang sumunar.

Pracayaa menawa kabéh prabotan sing ana ing plataran njaba Kémah lan kabéh bahan sing digawé wis diiapaké lan dirancang déneng Jahwéh supaya manungsa bisa nampa pangapuranéng dosané. Lan nalika panjenengan mlebu ana ing Sasana Suci kanthi percaya marang bab iki, Jahwéh bakal maringaké berkah lan sih kanugrahan sing lewih gedhé manéh marang panjenengan.

Tutupéng Pendhaméan Iku Papan Sih Kanugrahan Diparingaké

Ana ing Sasana Mahasuci, ana kerubim sing menthang swiwiné lan nyawang menyang ngisor marang tutupéng Tabut Perjanjén. Papan sing misahaké antarané kerubim loro mau diarani tutupéng pendhaméan. Tutupéng pendhaméan iku papan ing ngendi Jahwéh maringaké sih kanugrahan sing ageng marang kita. Tutupéng Tabut Perjanjén iku ngemu bekas getihéng korban, yaiku nalika Imam Agung mercikaké getihéng kurban sing dikorbanaké kanggo bangsa Israél ana ing tutupéng pendhaméan nganti cacah kaping pitu. Jahwéh banjur

medhak ana ing tutupéng pendhaméan iku lan maringaké sih kanugrahan marang bangsa Israél. Tumrapé wong-wong sing pracaya marang Panjenengané, berkah, penjagaan, lan tuntunané Jahwéh bakal diwiwiti. Wiwit nalika iku, wong-wong iku dadi umaté Jahwéh sing sejati lan bisa lumebu ana ing Sasana Suci.

Ing antarané akéh wong Kristen ing jaman iki, ana sakwetara sing imané ndadékaké dhéwéké bisa mlebu ana ing Sasana Suci, sakwetara sing liyané ora bisa duwé iman sing bisa nggawa dhéwéké mlebu ana ing Sasana Suci. Iman sing kaya ngapa sing panjenengan duwéni? Kita perlu duwé iman sing bisa nggawé garis sing misahaké ngenani kaslametan kita lan banjur mlebu ana ing Sasana Suci kagungané Jahwéh, amarga amung kanthi mangkono kita bisa diberkahi kanthi cara kan éram dénéng Jahwéh.

Nanging ora gampang kanggo nduwéni iman sing kaya mangkéné. Amarga Iblis ora seneng nalika manungsa gawé gariséng kaslametan sing cetha, dhéwéké tansah ngupaya supaya garis iku dadi sanar. “Kowé ora perlu pracaya kanthi cara mangkono. Ora kabéh manungsa pracaya kanthi cara sing mangkono, dadi apa sebabé kowé ndadékaké bab iku wigati lan wola-wali tumindak mangkono? Santé waé; melu arus waé.” Kanthi kandha mangkono, Iblis ngupaya ngilangaké garis kaslametan sing sejatiné wid cetha iki. Uga, Iblis bakal nyethakaké karingkihanéng daging kita lan ngupaya ngubah iman dadi angél kanggo kita. Apa panjenengan bakal dadi wong sing ngrungokaké kandhané Iblis sing ndusta lan ngupaya misahaké kita saka Jahwéh? Utawa apa panjenengan kepéngin nglakoni urip panjenengan kanthi tansah ngéngetaké dhiri panjenengan ngenani kaslametan saben dina, manunggal karo greja, ndhérék sabdané Jahwéh, nglakoni uripéng donga, lan nampa sih kanugrahan sing diparingaké Jahwéh kanggo

panjenengan?

Sejatiné, wong sing wis nampa pangapuranéng dosa seneng ngéngetaké dhiriné ngenani kaslametané. Wong-wong iku padha seneng manggon ana ing Injil banyu lan Roh. Nyinauni Injil iku becik lan wigati banget kanggo panjenengan. Apa panjenengan ora mangkono? “Wadhuh, iki rak critané padha, yaiku padha karo nalika kita wiwitan dislametaké? Isi crita lan aluré bisa waé beda, nanging iki tetep waé crita tua sing ora ana bédané. Aku wis bosan karo crita iki!”

Apa ana wong kandha mangkono? Aku uga ora seneng menawa kudu nyritakaké crita sing padha terus ngenani aku dhéwé saben dina, nanging menawa Kitab Suci ngendika yén kita kudu nyritakaké kaslametan kita saben dina, kita bisa apa? Menawa Prajanjian Lawas lan Prajanjian Anyar padha-padha ngendika ngenani Injil banyu lan Roh, sing dianggep piala dénéng Jahwéh iku menawa ana wong sing nyritakaké crita sing béda karo crita iku. Kabéh Sabda ana ing Kitab Suci ngendika ngenani Injil banyu lan Roh. “Kaslametan, uripéng iman, iman, urip karohanén, paprangan nglawan Iblis, Swarga, kamuliyani, sih kanugrahan, berkah, ketangén, urip langgeng, pangarep-arep, lan Roh Suci”—kabéh pokok sing paling wigati saka wong-wong mursid ana sesambungané karo babagan Injil kang sejati iku. Ngandhakaké ngenani crita sing béda karo bab iku ora ana bédané karo bidah lan piwulang sing kesar. Apa waé sing kaya-kaya mirip banget nanging isiné béda iku sejatiné piwulang sing keblinger. Injil sing kaya-kaya mirip ana ing njabané nanging béda ana ing njeroné saka Injil banyu lan Roh iku amung sakderma Injil palsu utawa agama sing keliru.

Saiba éndahé menawa Gréja Jahwéh martakaké sabdané Jahwéh saben dina, lan dudu piwulang dusta saka agama-agama sing kléru, ta? Ana sakwijinéng berkah menawa kita kalebu ana ing Gréja Jahwéh, ngrungokaké lan pracaya marang

sabdané Jahwéh sing murni. Kanthi tansah martakaké Injil banyu lan Roh, Gréja Jahwéh ndadékaké wong-wong mursid bisa mikiraké ngenani sih kanugrahané Jahwéh saben dina, ndedonga saben dina marang Panjenengané, lan muji asmané Panjenengané, sarta nglakoni urip sing ora nindakaké penggawé piala. Panjenengan rak uga bungah banget menawa panjenengan sepisan manéh ngrungokaké lan pracaya marang Sabdanéng bebener sing ndadékaké panjenengan bisa nampa pangapuranéng dosa? Aku, uga, krasa bungah banget.

Menawa aku dipeksa martakaké samubarang sing béda karo Injil banyu lan Roh, aku baksal sengsara banget. Menawa aku dipeksa martakaké samubarang sing dudu Sabda kaslametan nanging amung piwulang gawéyané manungsa liyané, aku bakal nyoba mlayu saka kana. Bab iku, mesthi waé, dudu amarga aku ora duwé samubarang liya kanggo dak wartakaké. Akéh banget pokok humanistik sing bisa dak kandhakaké, nanging kabéh mau ora wigati lan amung piwulang ragi sing ndadékaké khamir kabéh adhon kanggo wong-wong sing durung dilairaké manéh.

Amung Injil banyu lan Roh sing dadi lantaran Jahshua, Jahwéh piyambak, wis nylametaké kita iku sabdané Jahwéh sing pengaji waé sing maringaké marang kita rasa legi senadyan kita wis ndhahar tetedhan rohani iku nganti wola-wali. Ana akéh banget crita liyané sing bisa dak kandhakaké marang panjenengan, nanging aku paling seneng nalika nyritakaké ngenani Injil banyu lan Roh sing bisa nylametaké kita. Aku dadi sangsaya bungah banget. Aku paling krasa bungah nalika aku ngandhakaké ngenani kaslametan iki, amarga nalika iki aku bisa ngéngét kenangan lawas, lan ngéngétaké dhiri ngenani nalika Gusti nylametaké aku, ngucapaké panuwun marang Panjenengané, lan nedha manéh roti kaslametan.

Aku yakin menawa panjenengan uga, paling seneng nalika panjenengan mirengaké Sabda kaslametan iki. Mbok menawa panjenengan ngresula menawa critané padha waé saben dina, nanging ana ing njero penggalih panjenengan, panjenengan mikir, “Saiki saben aku ngrungokaké, sangsata tambah éndahé. Wiwitané, bab iku ora menarik babar pisan, nanging sangsata aku ngrungokaké, aku bisa meruhi menawa ora ana crita liya sing pantes digatékaké ngungkuli bab iki. Aku ngira menawa crita iki ana ing sakwetara perkara pancén apik, nanging kesimpulan sing dak tanpa yaiku critané padha waé. Senadyan mangkono, aku krasa bungah banget.” Aku yakin menawa penggalih ana ing ati panjenengan krasa mangkono.

Sedulur, sing dak wartakaké ana ing kéné yaiku sabdané Jahshua. Para wasis kudu ngotbahaké sabdané Jahshua. Ngotbahaké apa sing ditindakaké Jahshua kanggo kita lan martakaké bebener menawa Injil banyu lan Roh iku Sabda sing sinerat iku ora liya kejaba bab sing pancén kudu ditindakaké Gréja Jahwéh. Kita saiki nglakoni uripéng iman ana ing Gréja. Mlebu ana ing Sasana Suci, nyalakaké dian-dian sing ana ing carangané pedamaran sing digawé saka emas murni iku, mangan roti ana ing gedhung sing saka emas iku, ndedonga ana ing mezbah padupan, mlebu ana ing Bait Jahwéh, nyembah Panjenengané, lan urip ana ing sakjroné omah saka emas iku—ora liya kejaba uripéng iman kita.

Panjenengan lan aku saiki nglakoni panguripan iman sing diparingaké Jahwéh. Nampa pangapuranéng dosa lan nglakoni panguripan iman iku sing dimaksudaké urip ana ing Pedalemané Jahwéh. “*Kuwi sebabé aku padha ora tau semplah. Senajan badan wadhag kita saya rusak, nanging kasukman kita saben dina kaanyaraké*” (2 Korintus 4:16). Kanthi iman kita marang kain léna alus sing ditunen nganggo benang biru, wungu lan abang sing dicethakaké ana ing Kémah Suci, jiwa

kita bakal urip ana ing Pedalemané Jahwéh sing mancaraké cahyanéng emas.

Aku ngucapaké panuwun marang Jahwéh nganti selawasé amarga wis nylametaké kita saka sakabéhéng dosa lan laknat kita. Haleluya! ☒

Gusti Kita Sing Sangsara Kanggo Kita

< Yesaya 52:13-53:9 >

AbdiKu bakal ngrampungaké kuwajibané kanthi sampurna;

mulané bakal nampa kaurmatan gedhé!

Wong sing nyawang padha kagèt banget;

saking rusaking rupané nganti ora mèmper manungsa.

Nanging saiki bangsa-bangsa bakal padha gumun,

lan raja-raja bakal padha dheleg-dheleg

kamitenggengen nyawang marang Panjenengané.

Bakal padha ngerti lan ngerti prekara sing durung tau disipati.

Sapa sing ngandel karo kabar sing kita rungu,

lan sapa sing ngerti yèn kuwi kabèh pakaryané

Jahweh?

Wis dadi kersané Jahweh yèn Abdiné thukul kaya solor

sing tuwuh ana ing lemah garing.

Ora kagungan drajat utawa pangkat sing pinunjul, utawa rupa sing nengsemaké ati kita.

Pasemoné sethithik waé ora ana sing marakaké kita kesengsem marang Panjenengané.

Panjenengané kita singkang-singkang lan kita tampik;

enggoné dipilara ora lèrèn-lèrèn lan kasangsarané ora entèk-entèk.

Ora ana wong sing tegel ndelengaké, mula kita sepèlèkaké lan ora kita ajèni.

**Mangka sejatiné kasangsaran sing disandhang mau kasangsaran kita,
 lan pilara sing dirasakaké kuwi kanggo kita, nanging kita ngarani Panjenengané kena walaté Gusti Jahweh.
 Satemené enggoné ditatoni kuwi merga saka dosa kita, lan merga saka piala kita Panjenengané digebagi.
 Paukuman sing disandhang ing sarirané kuwi sing nekakaké keslametan kita,
 lan bilur-biluré kuwi sing marasaké kita.
 Kita kabèh iki kaya wedhus sing ketriwal, saben wong lakuné nuruti karepé dhéwé.
 Nanging paukuman sing sejatiné kanggo kita kuwi ditempahaké déning Jahweh marang Panjenengané.
 Panjenengané dipilara, éwasemono dibetahaké tanpa nglawan, tanpa ngresula.
 Kaya wedhus sing arep disembelèh, mengkononggoné kèndel ora ngandika sakecap-kecapa.
 Panjenengané dicepeng, kaukum lan disédani, mangka ora ana sing mreduli marang nasibé.
 Panjenengané disédani merga saka dosaning umaté.
 Sédané pinesthi awor karo wong ala,
 nanging layoné disarèkaké ing kuburané wong sugih,
 merga ora tau nindakaké piala,
 lan ora tau goroh."**

Injil Iki Saiki Wis Sumebar ana ing Saindering Jagad

Jaman saiki pancén lagi njujug menyang kasirnané. Saka babagan politik, ekonomi lan kabéhané padha njujug menyang kasirnan. Kususé, anginéng paprangan sumiyut gedhé banget,

amarga negara-negara singkuat padha ngembangaké pangwasané menyang saindhering jagad. Cedhak papan panggonanku, Korea Utara tembé-embé iki ngumumaké bakal ngembangaké senjata nuklir, sing banjur nyebabaké anané kakisruhan ing jagad iki. Nalika dunya lagi ketiban kangélan, aku amung bisa ngarepaké menawa kabéh manungsa sing padha kalebu ana ing kakisruhan iku bakal padha ngupaya ngrampungaké masalah iku kanthi wicaksana, ora adhedhasar kebodhoané, lan padha nganakaké pasemon supaya kabéh padha bisa nggayuh katentreman bareng.

Kita kudu ndedonga saben dina, supaya Jahwéh bakal maringaké marang kita wektu sing lewih dawa kanggo kita martakaké Injil sangsaya akéh manéh. Iki ora ateges aku wedi mati. Alesané yaiku amarga isih akéh negara-negara sing durung tau krungu ngenani Injil kang sejati, lan uga ana negara-negara sing dadi papané Injil iku wiwit sumebar. Pepénginku yaiku supaya nerusaké pawartané Injil sejati iku sangsaya akéh, nalika iku Injil sing isih anyar iku tembé wiwit padha tuwuh lan sumebar, amarga Injil iku isih perlu diwartakaké sangsaya amba.

Mesthi waé, Jahwéh nganakake sakabéhéng perkarakanggo kabecikan, nangingsing dak kuwatiraké yaiku menasa manungsa bakal tumindak bodho. Ana ing kasunyatané ana wong-wong sing ngancem uripé wong-wong liya nalika dhéwéké ora mangerténi babar pisan ngenani kapan lan kaya ngapa dhéwéké nadhepi patiné dhéwé; ana sing malah nganti ngupaya nindakaké pepati sing gedhén.

Aku pracaya menawa Jahwéh mesthi ngwasani atiné para pemimpin ing jagad iki. Lan aku uga pracaya menawa Panjenengané bakal maringaké karahayon marang kita.

Ing jaman iki, bangsa Israél isih ngenténi Mesias sing diprasetyakaké kanggo bangsa iku. Wong-wong iku kuduné

ngerti menawa Mesias iku ora liya kejaba Jahshua. Wong-wong iku kudu ngakoni menawa Jahshua iku Mesias sing diantu-antu, lan pracaya marang Panjenengané kanthi cara mangkono. Ora suwé manéh, Injil sing ngrenakaké penggalihé Jahwéh bakal lumebu ana ing Israél, lan uga ing negara-negara liya sing saiki lawang kanggo mlebu durung kabukak. Malah, Injil iki sangsaya sumebar kanthi apik ana ing wekasanéng jaman iki.

Aku krungu menawa sakwijnéng Sekolah Teologi ana ing Bangladesh wis ndadékaké buku-buku saka aku dadi wacan wajib kanggo mahasiswa sing bakal paripurna. Sakwisé pinanggih karo Injil banyu lan Roh ing wiwitané, para mahasiswa ana ing Sekolah Teologi iku saiki wis nampa pangapuranéng dosa, malah sakdurungé ilang rasa éramé.

Mangkono, aku ngarepaké menawa ing wiwitan para teolog ing dunya iki bakal nampa pangapuranéng dosa kanthi cara mangerténi lan pracaya marang Injil banyu lan Roh. Lan banjur kita sing wis nampa pangapuranéng dosa sakdurungé bab iku kelakon kudu tansah ndedonga supaya bab iku bisa kelakon. Kita ora amung kudu ndedonga, nanging kitauga kudu tansah urip srana iman.

Mesias Rawuh ana ing Dunya iki Sakwisé 700 Taun Wecané Yésaya

Yésaya iku sakwijnéng nabi sing gesang sakwetara 700 taun sakdurungé wiyosé Jahshua Kristus ana ing dunya iki. Senadyan dhéwéké gesang sakdurungé Mesias, Yésaya meca kabéh perkara ngenani Mesias sing bakal rawuh lan kepiye carané karya kasédané bakal ditetepi, kaya-kaya Yésaya wis mirsani nganggo paningalé dhéwé. Ana ing Yésaya 52:13 lan

sakdawané pasal 53 lan 54, Yésaya tansah meca, kanthi trewaca banget, ngenani carané Mesias bakal nylametaké manungsa saka dosa. Éram banget menawa Yésaya tepat banget anggoné meca menawa Jahshua Kristus pancén bakal rawuh ana ing dunya iki, nyangga sakabéhéng dosa nganggo baptisané, muntahaké rahé ana ing Kayu Salib, lan kanthi mangkono banjur maringaké kaslametan marang kabéh manungsa. Lan sakwisé 700 taun wecané Yésaya disabdakaké, Jahshua Kristus temen rawuh ana ing jagad iki lan netepi kabéh karyané kanthi tepat kaya déné wecané Yésaya.

Yésaya meca menawa Mesias sing bakal rawuh iku tansah tumindak kanthi wicaksana. Yésaya 52:13, *“AbdiKu bakal ngrampungaké kuwajibané kanthi sampurna; mulané bakal nampa kaurmatan gedhé.”* Amarga Jahshua Kristus rawuh ana ing dunya iki arupa manungsa lan temen-temen nyangga sakabéhéng dosa menyang dhiriné lumantar baptisané Panjenengané, Panjenengané bisa masrahaké gesangé ana ing Kayu Salib, lan kanthi mangkono diukum kanggo sakabéhéng dosa manungsa. Padha karo sing diweca dénéng Yésaya, kabéh sing dingendikakaké Panjenengané mesthi bakal kelakon. Amarga Jahshua Kristus, sakabéhéng dosa manungsa wis diilangaké, dirampungaké kanthi sampurna, lan asmané Panjenengané bakal diormati, dipuji lan dimulyakaké, kabéh kaya déné sing wis diweca sakdurungé. Sing diweca Yésaya ngenani Kristus iku pancén temen-temen kelakon.

Nanging, nalika Gusti kita rawuh ana ing dunya iki, bangsa Israél ora kenal Panjenengané kaya kuduné. Malah senadyan Gusti kita rawuh ana ing dunya iki lan tte nyangga sakabéhéng dosa dunya kalebu dosa-dosané bangsa Israél, séda ana ing Kayu Salib, lan wungu maneh saka sédané, bangsa Israél tetep ora pracaya marang baptisané sang Mesias, utawa marang rahé. Pancén bangsa Israél ora mangerténi menawa

Mesias wis wiyos saka antarané bangsa iku, lan menawa lumantar baptisan lan salibané Panjenengané wis ngrampungaké ora amung dosa-dosané bangsa Israél, nanging uga dosa-dosané kabéh manungsa ing saindoring jagad. Wong-wong iku ora padha mangerténi menawa Jahwéh iki pancén sejatiné Putra Jahwéh, Mesias sing sejati kanggo bangsa Israél. Wong-wong Israél kudu mangerténi kanthi bener menawa Jahshua pancén Mesias sing diantu-antu nganti mataun-taun.

Kasangsarané Jahshua Iku Kanggo Ngilangaké Sakabéhéng Dosa Dunya.

Nalika Jahshua rawuh ana ing dunya iki, Panjenengané pancén ngalami kasangsaran sing gedhé banget lan ora bisa dikandhakaké. Kaya déné sing dicethakaké ana ing Yésaya 53, Mesias pancén disebut minangka kebak kasangsaran. Amarga nyangga akéh banget dosa-dosa kita, Panjenengané ngadhepi kasangsaran sing gedhé banget—gedhéné nganti Kitab Suci ngendika menawa kita, banjur, padha ora tegel nyawang Panjenengané.

Nanging amung sethithik waé wong sing temen-temen ngerti ngenani Jahshua iku Mesias. Amarga Panjenengané wis ngalami kasangsaran sing gedhé banget kanggo manungsa sakyuswané Panjenengané, mula banjur akéh wong sing ora padha mangerténi lan pracaya marang Jahshua Kristus minangka sang Mesias lan Juruslamet. Gusti kita pancén rawuh anaing dunya iki ana ing ketaatané marang kersané sang Rama kanggo netepi karyané Panjenengané nylametaké manungsa saka dosa-dosanéng dunya iki, lan kanggo iku, Panjenengané ngadhepi akéh banget kasangsaran. Ora cukup amung Panjenengané rawuh marang dunya kang Panjenengané

titahaké kanthi rupa manungsa, sing Panjenengané titahaké nganggo gegambarané Panjenengané, nanging Panjenengané malah dihina, disiksa, lan dianiaya, nganti abot bangét saéngga Kitab Suci ngendika menawa kita ora bakal tegel nyawang Panjenengané. Adoh saka panampun kang layak arupa kamulyan ana ing dunya iki minangka Mesias, Panjenengané ditampa kanthi sikep sing ala lan disiksa kaya-kaya Panjenengané iku ora waras, senadyan andhap asoré Panjenengané iku ora bisa dicethakaké nganggo tembung waé. Padha karo nalika kita nutup mata kita menawa meruhi ana wong sing dihina lan dianiaya, Mesias disiksa ana ing ngarepé titahé Panjenengané piyambak, gedhé panganiyané nganti bangsa Israél nalika iku uga padha nutup matané tumrap Panjenengané.

Nalika Jahshua rawuh ana ing dunya iki, Panjenengané kaya apa? Nalika Mesias rawuh ana ing dunya iki, Panjenengané pancén kaya déné thukulan, kaya solor saka lemah garing. Ora akéh sing bisa dikandhakaké, nganggo tembung liya, ngenani kahanan badané Panjenengané. Malah, menawa kita mbandhingaké antarané Gusti kita karo dhiri kita, amung sethithik waé bagus utawa menariké sang Mesias iku. Rupa badané sang Mesias iku kaya mangkono nganti ora ana sing pantes dibanggakaké.

Nalika Mesias rawuh ana ing dunya iki, pancén ora ana sing éndah saka rupa badhané sing bisa ndadékaké kita padha kagum. Nanging senadyan kaya ngapa rupané Panjenengané iku, minangka Mesias, Panjenengané bisa netepi kabéhane, lan nampa panumpungan tangan saka Yohanes kanggo nyangga sakabéhéng dosa kita menyang badhané kaya déné calon kurban, kasalibaké lan muntahaké rahé Panjenengané, wungu manéh saka sédané, lan kanthi mangkono nylametaké kita saka dosa kita. Amarga Mesias nyangga sakabéhéng dosa kita ana

ing pundhaké kanthi saktemené kabaptisaké déneng Yohanes, Panjenengané bisa kasalibaké lan muntahake rahé kanggo kita.

Kaya sing dingendikaké ana ing Yésaya 53:3, *“Panjenengané kita singkang-singkang lan kita tampik; enggoné dipilara ora lèrèn-lèrèn lan kasangsarané ora entèk-entèk. Ora ana wong sing tegel ndelengaké, mula kita sepèlèkaké lan ora kita ajèni.”* Amarga Mesias kita kudu rawuh ana ing dunya iki lan ndadèkaké sirna sakabéhéng dosa dunya iki disirnakaké kanthi nampa panumpangan tangan sarta muntahaké rahé, Panjenengané banjur kudu dianiaya kaya mangkono déneng bangsa Israél lan uga prajurit Rum.

Kasangsarané Mesias Wis Diweca 700 taun Sakdurungé

Ngenani Mesias pancén bakal rawuh ana ing dunya iki dibaptisaké déneng Yohanes, muntahaké rahé ana ing Kayu Salib, lan wungu manéh saka sédané wis diweca déneng nabi Yesaya sakwetara 700 taun sakdurungé wiyosé sang Kristus. Kaya déné kang wis diweca déneng nabi Yesaya ngenani Mesias kan bakal rawuh, Jahshua Kristus pancén rawuh ana ing dunya iki kaya déné kang wis diweca. Yaiku, menawa Mesias bakal dilairaké déneng bocah prawan ana ing palungan sing ina banget, nyangga sakabéhéng dosa sing ditampa lumantar Panjenengané dibaptisaké déneng Yohanes Pembaptis, munggah ana ing Kayu Salib, papané Panjenengané muntahaké rahé lan séda kanggo kaslametan kita, lan ana ing dina kaping telu wungu manéh saka sédané.

Kaya déné tangané manungsa ditumpangaké ana ing endhasé kéwan pangruwaténg dosa lan getihé diwutahaké ana ing Riaya Pangruwat (Kaimaman 16), lan banjur dosa-dosané

manungsa sakdawané setaun iku bakal diruwat, mangkono uga Jahshua pancén nyangga sakabéhéng dosa kita lumantar baptisan kang ditampa saka Yohanes lan muntahaké rahé sarta séda ana ing Kayu Salib, kabéh iku cocok karo Sabda wecan kang wis dingendikakaké. Sakwisé nampa sakabéhéng dosa dunya lumantar baptisané, Jahshua banjur ngalami telung taun mangsa kasangsaran ana ing peladosané tumrap manungsa. Alesané Jahshua sang Mesias kasalibaké yaiku amarga, lumantar baptisan saka Yohanes Pembaptis, sakabéhéng dosa dunya disanggakaké marang Panjenengané, lan iki uga sebabé Panjenengané kaniaya banget, disika lan disangsarakaké dénég kabéh manungsa.

Malah, manungsa ora amung nyélaki menawa jhiku sang Mesias, malah ana ing antarané wong-wong Yahudi lan Rum sing nggething banget lan nganiaya Jahshua nganti ora bisa dikandhakaké. Panjenengané digething lan ditulak dénég wong-wong iku kanthi banget.

Jahshua banjur pancén nyangga sakabéhéng dosa manungsa sekaligus kanthi nampa baptisan saka Yohanes Pembaptis ana ing Kali Yardén, lan banjur muntahaké rahé ana ing Kayu Salib. Mesias kabaptisaké dénég Yohanes lan muntahaké rahé ana ing Kayu Salib kanggo netepi kersané sang Rama. Panjenengané diwudani ana ing Kayu Salib lan diiduni. Kabéh wong-wong sing nglempak padha ngécé Jahshua, lan kandha, “Menawa Kowé pancen Putra Jahwéh, mudhuna lan slametakena awakMu dhéwé!”

Nalika Jahshua miwiti peladosané marang wong akéh lumantar baptisané, Panjenengané pancén kudu nglakoni akéh banget kasangsaran sing disebabaké dénég manungsa. Senadyan Jahshua Kristus pancén wis nyangga sakabéhéng dosa lumantar baptisan kanggo manungsa, wong-wong ing jaman iku, sing ora bisa mangerténi bab iki, padha nggething

Jahshua, sing rawuh minangka Mesias kanggo wong-wong iku, tansah nganiaya Panjenengané, nyebabaké kasangsaran sing gedhé tumrap Panjenengané, nulak lan nyenyamah Panjenengané. Malah, Jahshua sang Mesias disengit banget nganti Kitab Suci ngendika menawa Panjenengané dianggep kaya cacing waé nalika Panjenengané ana ing dunya iki.

Pancén, panjenengan bisa nyawang dhéwé kaya ngapa gethingé wong-wong Farisi iku marang Jahshua, sing dianggep bakal njongkeng para pemimpin lan kamulyané wong-wong iku. Amarga padha nggething Mesias, wong-wong iku tansah ngupaya nemokaké kaluputané Panjenengané, lan ora mangu-mangu anggoné nibakaké sakabéhéng tuduhan sing palsu kebak rasa gething lan piala. Yesaya pancén wis meca ngenani carané Mesias iku bakal kasangsarakaké. Kita banjur bisa negesaké, saka pawecané nabi Yesaya sakwetara 700 taun sakdurungé Mesias rawuh, ngenani perlakuan sing bakal katampa déneng Jahshua nalika ana ing dunya iki.

Apa Wong Sing Pracaya Marang Jahshua Sing Rawuh Ana Ing Banyu Lan Roh Iku?

Nanging, senadyan ngadhepi kasangsaran mau, Jahshua sang Mesias kanthi tenang nindakaké lan netepi karyané Panjenengané. Saiki bangsa Israél lan kabéh manungsa ing dunya iki kudu mangerténi lan pracaya menawa Mesias iku pancén Jahshua Kristus. Supaya dosa-dosané bangsa Israél lan kabéh manungsa ing diunya iki disirnakaké, Mesias banjur nampa baptisané Panjenengané kanthi cara panumpangan tangan, banjur temen-temen kabaptisaké, lan kanthi mangkono nampa kasangsaran sing gedhé banget—lan kanthi tumindak mangkono, Panjenengané kanthi sampurna wis nylametaké

wong-wong sing pracaya marang peladosané saka sakabéhéng dosané, lan wis nampa iman saka wong-wong sing pracaya iku minangka iman sing sampurna. Senadyan kasunyatan menawa Mesias iku rawuh ana ing dunya iki kanthi rupa kang asor banget, lan senadyan kasunyatané menawa Panjenengané pancén wis kabaptisaké, séda ana ing Kayu Salib, lan wungu manéh saka sédané kanggo ndadékaké kabéh dosa disirnakaké, wong-wong sing pracaya marang Panjenengané amung sethithik cacahé. Supaya kita bisa urip, kita kudu pracaya menawa Jahshua iku pancén temen-temen Juruslamet lan Mesias kang sejati, menawa Panjenengané dudu amung Mesias kanggo bangsa Israél, nanging kanggo sakabéhéng manungsa.

Senadyan Jahshua temen-temen nyangga sakabéhéng dosa kita nganggo bapusané lan nyangga sakabéhéng pepahit kita, penyakit kita, lan laknat kita, ana sing isih ngajokaké pitakonan, “Dosa apa sing Panjenengané tindakaké ana ing dunya iki nganti kudu ngadhépi kasangsaran sing kaya mangkono?” Nanging Jahshua, kasunyatané, iku Putra Jahwéh sing ora duwé dosa. Kanthi nyangga sakabéhéng dosa kita, Mesias nggantékaké dherita, laknat, kapedhihan, lan kasangsaran amarga saka dosa-dosa kita. Lumantar kasangsaran sing wis diadhépi Jahshua sakdawané 33 taun gesangé wiwit rawuhé ana ing dunya iki, Panjenengané wis nylametaké kita saka sakabéhéng dosa kita.

Saiki, nalika kita mirengaké sabdané Jahwéh sing dingendikakaké dénéng nabi Yesaya, apa wong-wong ing jaman iku pracaya marang Jahshua Kristus sang Mesias, sing rawuh lumantar banyu lan Roh? Sapa sing pracaya marang Injil banyu lan Roh sing kita wartakaké saiki? Malah nganti saiki, akéh wong sing ora kepéngin ngerti Injil banyu lan Roh, senadyan wong-wong iku ngaku padha pracaya marang Jahshua.

Ing kéné, ing babagan sing kita waca, nabi Yesaya lagi meca menawa Putra Jahwéh bakal rawuh ana ing dunya iki, tumindak kanthi wicaksana, nyangga sakabéhéng dosa kita, diukum kanggo dosa-dosa iku, lan kanthi mangkono nylametaké kita. Nanging ora akéh sing gelem nampa bebener sing ditetepi Panjenengané. Nanging, aku yakin menawa wiwit saiki, kabéh manungsa saka sakabéhéng bangsa bakal ngakoni meawa Jahshua Kristus iku Mesias lan ngagungaké Panjenengané. Apa panjenengan pirsaa menawa Jahshua sang Mesias disangsarakaké amarga saka dosa-dosané bangsa Israél, amarga dosa-dosa panjenengan lan dosa-dosaku, lan amarga dosa-dosané sakabéhéng manungsa? Nabi Yesaya, sing temen-temen kepéngin menawa panjenengan ngerti lan percaya marang bab iku, banjur meca ngenani peladosan sang Mesias kaya mangkono.

Mesias Iku Kaya Solor Sing Thukul Ana Ing Lemah Garing

Kaya mangkéné nabi Yesaya meca ngenani rawuhé Jahshua Kristus, yaiku nalika Panjenengané rawuh ana ing dunya iki, Panjenengané bakal rawuh kanthi rupa sing ala banget. Yesaya kandha menawa sang Mesias bakal rawuh, *“kaya solor sing tuwuh ana ing lemah garing”* (Yesaya 53:2). Nalika Jahshua Kristus rawuh ana ing dunya arupa manungsa, Panjenengané dudu manungsa sing disawang wong liya minangka manungsa kang nyengsemaké. Panjenengané ora duwé badhan kang pideksa, dhuwur lan gagah, kaya Arnold Schwarzenegger utawa Sylvester Stallone. Malah, Panjenengané ora nyengsemaké nganti menawa kita nyawang Panjenengané, kita bakal krasa welas, iba lan simpati marang

Panjenengané. Nanging, Sabda kang dingendikakaké Panjenengané kaya pedhang sing landhep kiwa-tengen.

Jahshua sang Mesias dudu amung ora nyengsemaké ana ing penampilané, nanging Panjenengané uga miskin bandha. Yusuf, sang rama miturut kamanungsan, amung tukang kayu biasa. Sakwijnéng kulawarga sing amung disokong pengasilané tukang kayu, jaman dhisik utawa jaman saiki, ora bisa nyukupi, lan adoh saka kalimpahan. Amung kanthi kerja tekun waé tukang kayu bisa nyukupi keperluan sing wigatu waé.

Mesias uga, nalika rawuh ana ing dunya iki, ora ngalami laku sekolah. Lan amarga iku wong-wong Farisi nyoba ngréméhaké Panjenengané amarga saka iku, nanging ora bisa kasil, amarga bab iku malah nyethakaké menawa Jahshua Kristus sang Mesias iku saktemené pancén Putra Jahwéh. Jahshua malah ora tau napakaké samparané ana ing Sekolah Gamaliel, sekolahé wong-wong Yahudi sing duwé mutu kang paling apik ing jaman iku, papané sakwijnéng ahli Torét sing paling kondhang, Gamaliel, dadi guru kang mulangaké ngenani angger-anggeréng Torét. Ing sekolah iku, para siswané padha bisa sinau saka para gurunéng Torét kang winasis, kang ora amung mulangaké ngenani pangerténing dunya, nanging uga mulangaké ngenani angger-anggeréng Torét dhéwé. Nanging Jahshua ora tau sinau ana ing sekolah sing kaya mangkono. Ora ana cathetan apa waé sing nuduhaké menawa Jahshua tau nglakoni laku sekolah kaya mangkono. Nanging senadyan mangkono, ora ana amubarang sing ana ing Torét lan Prajanjian Lawas sing ora dimangerténi Panjenengané, lan ing babagan Prajanjian Lawas sing ngendika ngenani Mesias, Panjenengané duwé pangertén kang lewih jero tinimbang sak sapa waé. Ora ana siji waé pangandikan sing ora mlebu akal utawa sing nyimpang saka angger-anggeréng Toreté Jahwéh.

Apa Sebabé Mesias Kudu Disangsarakaké, Disemamah, lan Diasoraké?

Supaya temen-temen dadi Mesias sing sejati kanggo bangsa Israél, lan kanggo nylametaké wong-wong iku saka sakabéhéng dosané sarta ndadékkaké wong-wong iku umat kagungané Jahwéh, Mesias kita rawuh ana ing dunya iki lan kanthi rila nampa sakabéhéng kangélan, panyenyamah, panginan, lan cemoohan. Kangélan lan kasusahan sing temen-temen dialami dénéng Mesias kanggo bangsa Israél iku sakwijinéng pangurbanan lan kasangsaran sing ora bisa dikandhakaké. Kasangsaran sing dialami Mesias kanggo kita iku ngédab-édabi banget sing ndadékkaké kita malah ora tegel nyawang Panjenengané. Amarga Jahshua iku Mesias sing bakal nylametaké kita saka dosa kita lumantar ngalami kasangsaran lan disemamah ngungkuli kabéh sing bisa dikandhakaké manungsa. Jahshua kanthi mangkono ngalami kasangsaran kanggo dunya iki.

Amarga Jahshua sang Mesias ngadhepi kasangsaran lan panyenyamah sing kaya mangkono, wong-wong ing jaman iki uga ora padha tegel nyawang kahanané Panjenengané. Kita aja nganti lali menawa senadyan Jahshua rawuh minangka Mesias aku lan panjenengan, minangka Mesias kanggo sakabéhéng manungsa, kanggo netepi lan njangkepi karyané minangka Mesias, Panjenengané banjur banget kasangsarakaké, lan kanthi mangkono Panjenengané ngluwari kita saka sakabéhéng dosa lan kutuk tumrap dosa iku.

Malah nalika Mesias kasalibake, wong-wong sing ana padha mandheg lan ngécé Panjenengané, “Apa sebabé Kowé ora mudhun waé? Menawa Kowé pancén temen-temen Putra Jahwéh, mudhun waé saka Kayu Salib iku. Kepiyé bisané Kowé ngaku Putra Jahwéh. Menawa Kowé Putra Jahwéh,

mudhun lan slametaken para penjahat kang sinalib ana ing sisiMu; utawa lewih apik manéh, mudhuna saka kana lan slametaké awakMu dhéwé.” Wong-wong iku banjur nerusaké, “Oh, ya, apa sebabé Kowé ora nitahaké watu iku dadi roti? Menawa Kowé pancén Putra Jahwéh, tuduhaké buktiné marang kabéh wong! Tuduhaké bukti supaya aku bisa pracaya. Menawa Kowé ora bisa nindakaké bab iku, Mesias sing kaya ngapa iku? Njjjikaké banget!”

Manungsa kanthi mangkono nyenyamah Mesias, ngina Panjenengané, lan ndadékaké bahan guyonan kanthi tanpa kendhat. Wong-wong iku padha mudani Panjenengané, nabok sarirané, lan ngiduni Panjenengané. Kristus ngalami panyenyamah, diasoraké, lan pangina kang paling ala, sing durung tau kelakon, lan ora bakal kelakon manéh. Panjenengané uga nyangga laknat arupa paukumanéng salib, paukuman kang disedyakaké kanggo para penjahat kang paling jahat ana ing mangsa iku. Mesias kita dicemeti dénéng para prajurit, asta lan samparané dipaku ana ing Kayu Salib, lan kabéh rah sing ana ing badané banjur wutah.

Jahshua temen-temen nyangga sakabéhéng panyenyamah, pilara lan kasangsaran, saéngga Panjenengané bisa netetpi peladosané minangka Mesias, kanggo kita kabéh. Kanthi disalibaké, Panjenengané nyangga sakabéhéng dosa kita, kabéh laknat kita, lan kabéh paukuman kita. Panjenengané nggantikaké kita nyangga sakabéhéng kasangsaran sing kuduné panjenengan lan aku sing nanggung, lan kanggo kita kabéh Panjenengané maringaké gesangé. Mesias saiki wis dadi Juruslamet kanggo wong-wong sing pracaya menawa Jahshua pancén Mesias kita. Panjenengané rawuh ana ing dunya iki kaya déné sing dikersakaké sang Rama, lan nyangga sakabéhéng dosa kita sarta paukuman tumrapéng dosa kita ana ing Kayu Salib kanggo kita kabéh, lan wungu manéh saka

sédané—kabéh iku kanggo kaslametan kita!

Para sedhérék, apa panjenengan ngira menawa gampang kanggo Jahshua nglakoni sakabéhéng kasangsaran lan panyenyamah saka wong-wong iku? Menawa kita ngalami apa sing dialami Panjenengané, menawa kita kudu nyangga sakabéhéng panyenyamah, diwudani, diasoraké, disiksa, lan disalibaké, dudu amung ana ngarepé kulawarga kita utawa garwa utawa kakung kita, nanging ana sakngarepé satru kita, kita mesti bakal dadi édan sakdurungé kita mati! Kristus kasalibaké, saéngga kabéh manungsa bisa meruhi pangina sing dialami Panjenengané, dudu ana ing papan kang siningid, nanging ana ing papan sing dhuwur, saéngga kabéh bisa nuduh lan ngiduni Panjenengané.

Kasangsaran, kasedhihan lan kangélan sing lewih gedhé bakal dialami Kristus sakdurungé penyalibané Panjenengané. Sakdurungé nyalibaké Jahshua, wong-wong padha ngupaya supaya Panjenengané ngalami kabéh jinising pilara. Panjenengané disérét ana sakngarepé wong akéh lan diadili ana ing kana, diiduni, lan sarirané malah ditabok dénéng salah sakwijiné baturé imam agung. Panjenengané diiduni! Wong-wong padha nabok sarirané Panjenengané, nyemeti Panjenengané, lan ngrajam Panjenengané. Jahshua sang Mesias kudu ngadhepi kabéh kasangsaran iki ora liya kejaba kanggo kita kabéh!

Kitab Suci ngendika menawa Panjenengané pancén ngadhepi kasangsaran kanggo kita, lan ngendika, “*Satemené enggoné ditatoni kuwi merga saka dosa kita, lan merga saka piala kita Panjenengané digebagi. Paukuman sing disandhang ing sarirané kuwi sing nekakaké keslametan kita, lan bilur-biluré kuwi sing marasaké kita*” (Yesaya 53:5). Mesias nglakoni kasangsaran sing kaya mangkono saéngga Panjenengané bisa ngluwari kabéh manungsa kalebu bangsa

Israél saka dosa-dosané lan laknat tumrapéng dosa-dosa iku. Mesias nyirnakaké sakabéhéng dosa dunya lan paukuman tumrap dosa mau kanthi nampa baptisan saka Yohanes, lan netepi peladosané kanthi ngadhepi kasangsaran saka umat kagungané, prajurit Rum, lan wong-wong saka sakabéhéng bangsa.

Jahwéh wis meca menawa Mesias bakal nylametaké wong-wong sing nalika iku padha nglawan Panjenengané saka sakabéhéng dosané—pancén, saka sakabéhéng dosa sing tau ditindakaké dénéng sakabéhéng manungsa—lan padha karo sing diweca, Jahshua Kristus pancén rawuh ana ing dunya iki minangka Mesias, temen-temen nglakoni sakabéhéng kasangsaran iki, lan nylametaké panjenengan lan aku dosa-dosa lan laknat tumrap dosa-dosa iku kanthi muntahaké rahé kang mulya iku.

Nalika kita dislametaké saka dosa lan laknat tumrap dosa-dosa kanthi percaya marang Mesias iku dudu kasunyatan sing bisa kelakon tanpa anané kurban sing kudu dibayar. Amarga Jahshua Kristus rawuh ana ing dunya iki lan ngadhepi sakabéhéng kasangsaran iku saéngga kita saiki bisa dadi wong-wong sing ora duwé dosa, lan amarga Mesias iki wis diadili tumrap sakabéhéng dosa kita saéngga kita bisa, amung lumantar percaya ana ing ati kita, nampa sih kanugrahan kaslametan lan pangapuranéng dosa, lan dadi putra-putrané Jahwéh. Amarga Mesias kita saéngga kita bisa dadi wong-wong kang begja.

Kita kudu ngucapaké panuwun marang Mesias sing wis maringaké barang kita kabegjan lan maringaké berkah-berkahé Panjenengané marang kita. Kaslametan sing diparingaké Mesias marang kita amung lumantar iman, amarga senadyan kita ora nyaosaké marang Panjenengané kurban arupa apa waé, Panjenengané waé kang wis misungsungaké kurban sing agung

pengajiné ana ing ngarsané Jahwéh sang Rama. Kita kudu percaya menawa Jahwéh piyambak pancén wis nylametaké kita kanthi nglakoni sakabéhéng kasangsaran iku, lan kita kudu ngucapaké panuwun marang Panjenengané amarga saka bab iku.

Rungokna, O Israel, Mratobata Lan Pracaya Marang Jahshua Kristus

Wong-wong Israék kudu mratobat saiki uga lan percaya marang Jahshua sang Mesias minangka Juruslameté. Malah nganti saiki, bangsa Israél isih ora gelem ngakoni menawa Mesias iku wis rawuh. Padha karo sing diweca dénéng Yesaya menawa sang Mesias, Abdi Jahwéh iku, bakal rawuh ana ing dunya iki, lan padha karo sing dingendikakaké Jahwéh menawa Mesias bakal, sakwisé rawuh ana ing dunya iki, nylametaké kita kanthi nyangga sakabéhéng dosa manungsa lumantar baptisan lan kasalibaké ana ing Kayu Salib, Jahshua Kristus pancén wis netepi kabéh karya kaslametané. Wong-wong Israél saiki kudu mbalik, lan mangerténi arta percaya marang bebener iki. Wong-wong iku kudu ngakono dosa sing ditindakaké bangsané sing nyalibaké Jahshua. Lan wong-wong iku kudu mangerténi kahanané dhéwé minangka badanéng dosa wiwit saka lairé, lan kanthi percaya marang Mesias saiki wong-wong iku banjur bakal bisa dislametaké saka dosa-dosa lan laknat tumrap dosa-dosa.

Ora ana Mesias sing liyané. Amarga Jahshua Kristus wis rawuh ana ing dunya iki minangka Mesias, ora ana Mesias liyané. Kepiyé bisa ana Mesias liyané? Kepiyé bisa ana Juruslamet liyané? Nalika bangsa Israél ngadhepi kasangsaran sing sangsaya abot ing tembé mburi, apa wong-wong iku padha

ngarepaké tekané pahlawan sing hebat saka Hollywood, kaya déné Superman, sing bakal teka lan dadi Mesias kanggo dhéwéké?

Malah wiwit saiki, wong-wong Israél wis kudu ngakoni Jahshua Kristus minangka Juruslamet Mesiasé. Wong-wong iku kudu percaya menawa Jahshua Kristus pancén Mesias kang sejati. Mesias wis rawuh ana ing dunya iki 2000 taun kepungkur, lan kanggo nyirnakaké sakabéhéng dosané lan ndadékkaké dhéwéké putra-putrané Abraham sing sejati, Panjenengané kabaptisaké, padha karo wong-wong iku ditetak, lan banjur kasalibaké, kabéh mau supaya manungsa kabéh padha nampa tetak rohani. Mesias dadi Juruslamet sing sejati kanggo bangsa Israél kanthi nyangga sakabéhéng dosané lumantar baptisan saka Yohanes, nyangga Kayu Salib lan muntahaké rahé kanggo nanggung kasangsaran, lan wungu manéh saka sédané.

Wong-wong Israél kudu mratobat lan percaya marang Mesias. Wong-wong iku kudu percaya marang Jahshua Kristus minangka Mesiasé. Siji-sijiné sing durung ditetepi saiki yaiku ngenani bangsa Israél padha percaya marang Jahshua Kristus minangka Juruslameté. Wong-wong iku kudu mangerténi menawa Mesias sing diweca dénéng Yesata iku sejatiné Jahshua Kristus iki. Wecan sing ana ing Prajanjian Lawas kabéh wis ditetepi lumantar Jahshua Kristus, lan babar pisan ora ninggalaké huruf siji waé utawa titik sing paling cilik. Ana ing babagan sing kita waca, dingendikaké menawa akéh bangsa bakal padha krasa éram.

Yesaya 52:14-15 ngendika, “*Wong sing nyawang padha kagèt banget; saking rusaking rupané nganti ora mèmper manungsa. Nanging saiki bangsa-bangsa bakal padha gumun, lan raja-raja bakal padha dheleg-dheleg kamitenggengen nyawang marang Panjenengané. Bakal padha ngerti lan ngerti*

prekara sing durung tau disipati.”

Kanthi rawuh ana ing dunya iki, Jahshua Kristus ngadhepi kasangsaran sing lewih abot tinimbang kabéh paukuman pati endi waé sing tau ditibakaké marang penjahat endi waé. Panjenengané ngurbanaké dhiri kanthi nampa pilara sing lewih akéh lan kasangsaran sing lewih gedhé tinimbang sakabéhéng penjahat sing ana ing dunya iki, kabéh iku kanggo ndadékaké manungsa umat kagungané. Panjenengané nylametaké umat kagungané sing gelem nampa pangapuranéng dosa lan pracaya marang Panjenengané. Kaya mangkono Panjenengané nylametaké manungsa.

Manungsa bakal krungu kabar kang lewih éndah ngenani kaslametan iki, sing durung tau dirungu utawa disawang sakdurungé. Kabéh wong sing durung tau krungu menawa Mesias iku yaiku Jahshua Kristus wekasané bakal padha krungu lan pracaya marang bab iku.

Jahshua Iku Mesias, Sing Wis Rawuh lan Bakal Rawuh Manéh

Saiki, kita nyedhaki wekasanéng jaman. Mangsa iki dadi titi mangsané pati lan kasangsaran. Wong-wong sing pracaya marang Mesias, senadyan kaya ngapa, ora wedi marang pati. Kosok baliné, wong-wong iku padha ngenténi kebak pangareparep marang kabungahan Kaswargan lan ketangén sing bakal dialami sakwisé patiné. Menawa ana pepeteng tumiba ana ing jagad iki ora ateges menawa kita, wong-wong mursid, uga bakal dikwasani pepeteng iku. Nalika Injil wis temen-temen disebaraké, Mesias banjur bakal rawuh manéh.

Jahshua Kristus, Mesias kita, rawuh ana ing dunya iki minangka Cempéning Jahwéh, minangka kurban pisungsung,

lan maringaké badané kabaptisaké déneng Yohanes, lan maringaké manéh ana ing Kayu Salib. Kaya déné cempé digawa ana ing pembantéan, Jahshua sang Mesias kanthi tatag nyangga sakabéhéng dosa kita, ngadhepi kasangsaran gedhé kanthi nyangga sakabéhéng paukuman tumrapéng dosa kita ana ing Kayu Salib, wungu manéh saka sédané ana ing dina kaping telu lan kanthi mangkono dadi Juruslamet kang sampurna tumrap kabéh manungsa kang pracaya.

Amung sethithik sing ngerti menawa Mesias iku sang Jahshua Kristus nalika iku. Amung sethithik uga sing ngerti meanwa Jahshua Kristus dadi Mesias kita nalika Panjenengané kawiyosaké ana ing dunya iki tanpa ramé-ramé sakwetara 2000 taun kepungkur, sing neksékaké ngenani Injil Kraton sakdawané 3 taun sakwisé Panjenengané kabaptisaké, seda ana ing Kayu Salib lan wungu manéh saka sédane. Wong-wong sing amung sethithik iku, sing ngudi lan pracaya marang Jahwéh, neksékaké menawa Gusti kita iku Mesias kang sejati sing kanthi tatag netepi kabéh karyané Panjenengané.

Para abdiné Jahwéh iki nyebaraké warta iki menyang saindingering jagad menawa Mesias wis nyametaké kita saka sakabéhéng dosa kita kanthi rawuh ana ing dunya iki lan ngalami kasangsaran. Jahwéh piyambak, sejatiné, martakaké Injil banyu lan Roh kanthi ngeparengaké ana percetakan sing kelakon, kanthi ngarahaké sejarahéng dunya, lanndadékaké bangsa-bangsa sing martakaké Injil dadi bangsa kang kuwat lan sugih.

“Jahshua iku sang Mesias. Jahshua iku sang Mesias! Menawa panjenengan pracaya marang Jahshua minangka Mesias panjenengan, panjenengan bakal kaslametaké. Jahshua iku Putra Jahwéh. Jahshua iku Panitah, sing nitahaké alam semesta iki. Panjenengané iku Jahwéh. Panjenengané iku Mesias Juruslamet kita.” Abdiné Jahwéh tansah martakaké

marang manungsa menawa Jahshua iku Mesias, lan uga ngenani baptisan, sédané ana ing Kayu Salib, lan wungune Panjenengané.

Sakwetara wong mudha ana ing Israel wis ana sing mangerténi menawa 2000 taun kepungkur, ana sakwijinéng maungsa sing asmané Jahshua rawuh ana ing dunya iki. Nyangga sakabéhéng dosa manungsa kanthi dibaptisaké dénég Yohanes Pembaptis. Wektu iku, amung para muridé Jahshua waé kang padha mangerténi menawa Panjenengané iku Mesias, lan pangertén iki banjur kabagékaké amung marang sethithik waé wong-wong sing temen-temen padha ngabekti marang Jahwéh—minangka kabéh wong liyané ora padha mangerténi bab bebener iki. Menawa diitung kabéh, amung ana sakwetara 500 wong mursid (1 Korintus 15:6) ing antarané bangsa Israél sing mangerténi menawa Mesias wis nyangga sakabéhéng dosa dunya iki ana ing Kayu Salib, menawa Panjenengané séda kanggo bab iku, lan menawa Panjenengané wungu manéh saka sédané. Kabéh wong liyané babar pisan ora duwé pangertén ngenani bab iki.

Sakwisé sekét dina wiwit saka sédané Jahshua Kristus lan wunguné, Roh Suci temen-temen medhak ana uripé para muridé Panjenengané. Nalika para muid iku ndedonga ana ing sakwijinéng kamar ing lantai ndhuwur, Roh Suci medhak ana ing wong-wong iku, ndadékaké wong-wong iku padha bisa kandha nganggo basa Roh lan neksékaké menawa Mesias iku sejatiné Jahshua Kristus. Banjur, para muridé, tanpa wedi marang pati, kanthi kendel neksékaké, “Jahshua iku Mesias. Mesias iku Juruslamet kita. Jahshua sing wungu iku Mesias kita.” Akéh wong sing saknalika iku banjur padha pracaya.

Lumantar Jahshua sang Mesias, Jahwéh pancén wis nylametaké panjenengan lan aku saka sakabéhéng dosa kita lan laknat tumrap dosa-dosa iku. Amarga Panjenengané nandhang

sangsara sing gedhé banget kanggo nylametaké kita saka dosa-dosa lan paukuman kita, kita kudu temen-temen percaya marang Panjenengané; wong-wong sing ora percaya kudu mratobat, mbalik lan uga percaya; lan kita kabéh kudu martakaké bebener iki lumantar iman.

Bangsa Israel, sejatiné, saiki lagi ana ing rasa wedi amarga saka kahanan kang nggegirisi. Wong-wong iku sejatiné kudu ngrungokaké Sabda Kémah Suci sing temen-temen dingendikaké Jahwéh marang dhéwéké. Kita saiki uga lumebu ana ing wekasanéng jaman. Injil banyu lan Roh sing dicethakaké ana ing tata cara kurban ana ing Kémah Suci sejatiné lagi sangsaya cumedhak marang bangsa Israél. Wong-wong iku uga, bakal dadi percaya menawa Jahshua Kristus pancén temen-temen Mesias sing dingendikaké Jahwéh marang dhéwéké.

Jahweh wis ngendika marang bangsa Israél ngenani tata cara kurban, lan wong-wong iku padha percaya marang bab iku. Kasunyatané, wong-wong iku isih padha kepéngin nyaosaké kurban marang Jahwéh kaya déné tata cara kurban Kémah Suci. Ing antarané bangsa Israél, isih ana sakwetara wong fundamentalis sing urip ana ing ara-ara. Malah nganti saiki, wong-wong sing urip ana ing ara-ara iku isih padh nyaosaké kurban kanthi cara sing mangkono. Wong-wong iku, nganggo tembung liya, nyaoaké jinising kurban sing tau dipisungsungaké ana ing Kémah Suci sakdurungé. Mbok menawa wong-wong iku tedhak turuné Harun. Kanggo njaga piwulang saka leluhuré, wong-wong iku padha urip ana ing ara-ara lan ora ing kutha-kutha. Senadyan wong-wong iku uga saka bangsa Israél, wong-wong iku urip ana ing kelompok-kelompok sing pinisah, sing adoh saka wong-wong liyané. Marang wong-wong iku uga, kita kudu martajajé Sabda Kémah Suci menawa Mesias wis rawuh marang kita lan nylametaké

kita kaya déné iman kita.

Kita kudu ngucapaké panuwun marang Jahshua sing rawuh ana ing dunya iki, nyangga kasangsaran, lan diukum nggantékaké kita, kabéh iku kanggo nylametaké panjenengan lan aku, dadi Juruslamet kanggo kita, saka dosa-dosa lan laknat tumrap dosa-dosa.

“Déné Katresnan Menika Rosa Kados Pangwaosipun Pejah, Kasmaran Pangrèhipun Kados Pecating Nyawa.”

Kita dislametaké saka dosa lan paukuman dosa iku dudu sakwijinéng perkara sing kelakon mangkono waé, kaya tekané layang utawa kiriman sing kabeneran ditampa. Kaslametan kita dudu amung sakderman kaya surat berantai sing tansah mréntahaké kita ngirim marang 20 wong liyané lan menawa ora mangkono kita banjur bakal cilaka. Kaslametan pangapuranéng dosa kita iku uga dudu kaya iklan-iklan tetedhan kaya déné pizza, sing ngudokaké kita amung sakderma nilpun waé lan banjur ngebaki padhaharan kita karo apa sing kita karepaké.

Kaslametan kita, sejatiné, kelakon amarga Jahwéh ngutus Putrané Panjenengané kanggo kita, kanthi nyanggakaké sakabéhéng dosa marang Panjenengané, lan kanthi ndadékaké Panjenengané ngalami kasangsaran kanggo sakabéhéng dosa kita. Iki sebabé panjenengan lan aku kudu kanthi gumolongéng ati pracaya lan ngucapaké panuwun marang Panjenengané. Kanthi mangerténi ngenani carané kaslametan iku tumeka marang urip kita, kepiyé kita bisa kita banjur bisa mbuwang kaslametan iku kaya mbuwang sepatu rusak, banjur nyéléhaké kaya nyéléhaké barang-barang sing ora ana regané sing

biasakita séléhaké ana ing gudhang, utawa malah banjur nglirwakaké kaslametan iku kaya-kaya kaslametan iku amung duwéké wong-wong liya?

Apa ana ing antarané panjenengan, sing senadyan wis mlebu ana ing Gréja Jahwéh, tetep durung nampa pangapuranéng dosa? Apa ana wong sing sejatiné durung pracaya marang Injil banyu lan Roh? Menawa pancén ana wong-wong sing kaya mangkono, dhkudu mratobat lan pracaya marang Jahwéh sakdurungé kasép. Menawa panjenengan ilang, lan ora pirsu dalan endi sing kudu diambah, pracaya waé marang Sabda bebener iku kanthi gumolongéng ati panjenengan. Wong-wong sing ora gelem mangkono iku sejatiné lagi nulak sih kanugrahan saka Putra Jahwéh, sih kanugrahan sing dadi lantaran Panjenengané nylametaké wong-wong iku kanthi nglakoni sakabéhéng kasangsaran sing ora liya amung kanggo kaslametané wong-wong iku.

Wong-wong sing ngréméhake ajinéng sih kanugrahan lan banjur nulak bakal marakaké anané laknat. Kitab Suci ngendika marang kita, “*Déné katresnan menika rosa kados pangwaosipun pejah, kasmaran pangrèhipun kados pecating nyawa*” (*Kidung Agung 8:6*). Sihé Jahwéh iku agung lan gadhé banget sing banjur bakal nganakaké paukuman kanggo wong-wong sing nganti wekasané tetep padha nulak. Dingendikaké ana ing kana, menawa ana wong sing mati nalika isih duwé dosa, wong iku bakal ngadhepi kasangsaran sing ora ana watesané ana ing neraka minangka dunyanéng wong mati. Rasa gething iku rosa kaya déné karosanéng pati. Nalika Mesias nresnani panjenengan nganti kaya mangkono, yaiku nalika Panjenengané banjur kabaptisaké, muntahaké rahé, lan nyangga sakabéhéng kasangsaran, kabéh kanggo nylametaké panjenengan, menawa panjenengan ora pracaya lan banjur malah nulak, panjenengan mesthi bakal ngrasakaké karosanéng

kasangsaran iku. Iki ora liya nyethakaké ngenani neraka.

Jahwéh banjur ngendika, “*Kaya déné manungsa enggoné pinesthi mati sepisan, lan sawisé kuwi nuli diadili déning Gusti Jahwéh*” (Ibrani 9:27). Nalika kita mati, badhan kita pancén bakal sirna, nanging ing ngarsané Jahwéh, iku dudu wekasanéng kahanan kita. Kanggp malesaké marang wong-wong sing kanthi banget nulak sih kanugrahan Jahwéh, Jahwéh wis ndadékaké wong-wong iku padha nglakoni urip langgeng lan ora tau mati, lan banjur bakal nibakaké marang wong-wong iku kasangsaran sing ora ana welasé. Panjenengané bakal, nganggo tembung liya, temen-temen mbuwang wong-wong iku ana ing geni kang mulad selawasé, lan ndadékaké wong-wong iku ngrasakaké kasangsaran iku tanpa kendhat, tanpa ana rampungé, lan nganti selawasé. Kasangsaran sing abot banget iku ora liya uga rasa murka kang banget saka Jahwéh. Apa panjenengan tau ngira menawa Jahwéh ora bakal tumindak mangkono? Aja lali menawa ora ana sing mokal kagem Jahwéh!

Sih katresnané Jahwéh sing agung lan gedhé banget kanggo kita, kanthi nyangga kasangsaran kanggo kita, wis nylametaké kita saka laknat, sakabéhéng dosa, lan paukuman kita. Sing bisa ngrampungni masalah panjenengan iku amung sihé sang Mesias. Pancén ora ana kang lewih agung tinimbang sihé Mesias. Tanpa iman marang Mesias iki, sihé Jahwéh ora bakal bisa dadi kagungan kita. Sih katresnan iku diparingaké marang kita amung dénéng Jahwéh, Panjenengané kang wis dadi Mesias kita, lan sang Rama kang wis ngutus Panjenengané kagem kita. Jahwéh Tritunggal kang Mahakawasa wis nresnani kita kanthi cara kang mangkono, lan wis nylametaké kita saka sakabéhéng dosa lan paukuman. Iki sebabé kita kudu pracaya marang Mesias, sebabé kita kudu ngucapaké panuwun marang Panjenengané, lan sebabé kita kudu krasa mongkog amarga

saka iman kita marang Mesias iki.

Saiba kebak panuwun kita amarga sang Mesias wis maringaké marang kita Injil banyu lan Roh, ta? Menawa ana wong sing ora ngerti pengajiné sih katresnan iki, dhéwéké mesthi wong sing paling bodho lan bebal. Kaya ngapa agungé kasangsaran lan pilara sing wis dirasakaké Gusti kanggo kita, ta? Amarga kita kebak panuwun marang sih kartresnané Panjenengané, senadyan kita ora sampurna, kita isih tetep ngupaya bakal nganggo kabéh kakuwatan kita kanggo martakaké Injil marang wong-wong sing isih durung mangerténi.

Kanggo nindakaké karyané Jahwéh kang kaya mangkono, kita uga kudu ngadhepi kangélan lan kasangsaran. Kita ora bisa ngupaya maju dhéwé. Menawa kita wis dislametaké kanthi nampa sih pngurbanan lan ngagem bebener iku, kita uga kudu mbagékake sih katresnan iku marang wong-wong liya. Padha karo Jahshua Kristus ngadhepi sakabéhéng kasangsarané Panjenengané kanggo nyirnakaké sakabéhéng dosa kita, dudu nganggo sihéng daging, nanging nganggo sih katresnan kang sejati, kita uga kudu nindakaké pakaryané Panjenengané nganggo iman, kanthi rila nyangga kabéh kangélan, kasangsaran, disengit, kaniaya lan diasoraké, menawa iku ateges menawa wong-wong liya uga bakal padha bisa nampa pangapuranéng dosa-dosané.

Lan wong-wong sing dilairaké manéh, sing temen-temen mangerténi sapa sejatiné dhéwéké iku sakdurungé lan saiba agung sarta kuwaté sih katresnané Jahshua, padha ngasilaké woh. Wong-wong sing dislametaké iku wit-wit sing ngasilaké woh kaslametan, “*Ala beciké uwit ketitik saka wohé*” (*Matius 12:33*). Sakdurungé panjenengan dislametaké, panjenengan kabilut ana ing dosa panjenengan, lan kanthi mangkono ora bakal bisa kandha apa-apa menawa dilebokaké ana ing neraka.

Nanging panjenengan pracaya menawa Jahwéh wis dadi Juruslamet panjenengan kanthi rawuh ana ing dunya iki arupa manungsa lan ngalami kasangsaran kanggo panjenengan, lan menawa kanthi mangkono Panjenengané wis nylametaké panjenengan saka dosa lan paukuman panjenengan. Kanthi pracaya mangkono, panjenengan wis dislametaké. Menawapa pancén nampa sih katresnan iki, banjur panjenengan lan aku mesthi bakal duwé ati kang kepéngin nglakoni urip kanggo wong-wong liya.

Menawa wong ora duwé ati sing mangkono, dhéwéké durung nampa pangapuranéng dosa. Utawa tepaté, wong iku amung éthok-éthok anggoné nampa pangapuranéng dosa.

Kaya déné Kristus ngadhepi sakabéhéng kasangsaran lan wis nylametaké kita saka sakabéhéng dosa lan paukuman amarga nresnani kita, menawa kita pancén wis dislametaké amarga pracaya marang sih katresnan iki, banjur sih katresnan iku uga bakal ana ing sakjroné ati kita. Apa sebabé? Amarga Kristus saiki gesang ana ing urip kita. Kaya déné Panjenengané nyangga sangsara kanggo kita lan wis nresnani kita, kita uga kudu duwé pepéngin urip kanggo wong-wong kita lan ngadhepi kangélan kanggo wong-wong iku. Amarga kita sing wis nampa pangapuranéng dosa ora bakal duwé dosa manéh ana ing ati kita, ati kita kabéh wis diowahaké, dadi kaya déné atiné Jahshua Kristus.

Aku ngucapaké panuwun marang Jahshua sing wis rawuh ana ing dunya iki, sing dibaptisaké kanthi muntahaké rahé ana ing Kayu Salib, sing wis nampa sakabéhéng kasangsaran kanggo kita, lan sing banjur dadi Mesias sing wis ngluwari kita saka sakabéhéng dosa kita. ☒